**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

*Қол жазба ҳуқықында*

*УДК*

**Нурманбетов Бегзод Бекчановичтиң**

# Тәбият пенен жәмийет байланысларының географиялық машқалалары

**5А440503Табийий география, ландшафтлар геофизикасы, геохимиясы**

**Магистр дәрежесин алыў ушын жазылған диссертация**

МАК да жақлаўға рухсат
Магистратура бөлими баслығы
_______доц. Гулимов А.

Кафедра баслығы_ г.и.к., доц. Ходжаева Г

Илимий басшы:__ г.и.к. проф.Баллиева Р

Нөкис-2012

Мазмуны

**Кирисиў…………………………………………………………………...3**

**I. Бап.Тәбият ҳәм жәмийет арасындағы байланыслардың қәлиплесиўи.9**

I. 1. Тәбият ҳәм жәмийет арасындағы байланыслардың этаплары……9

I. 2. Тәбият ҳәм жәмийет арасындағы байланыслар ҳаққында көз-қараслар……………………………………………………......19

**II. Бап. Тәбияттан пайдаланыўда табият ҳәм жәмийет арасындағы байланыслардың географиялық тийкарлары…………………..30**

II. 1. Тәбияттан пайдаланыў концепциясы……………………………..30

II.2. Тәбияттан пайдаланыўдың географиялық тийкарлары…………39

**III- Бап. Тәбияттан пайдаланыўдың ақыбетлери…………………………47**

III. 1. Инсанның тәбияттан пайдаланыўы ҳәм олар арасындағы байланыслардың географиялық ақыбетлери……………………47

III. 2. Арал бойы экологиялық машқаларды шешиўде тәбият ҳәм жәмийет арасындағы байланысларды үйрениў……………………61

**Жуўмақлаў………………………………………………………………...68**

**Өмир қәўипсизлиги………………………………………………………71**

**Пайдаланылған әдебиятлар……………………………………………77**

# КИРИСИЎ

**Теманың актуаллығы** –Ҳәзирги ўақытда инсаният алдында бир қанша шийнелискен машқалалар жүз бермекте. Солардың бири инсан ҳәм тәбият арасындағы байланыслар. Бул машқаланың келип шығыўының тийкары, инсанияттың тәбиятдан пайдаланыўы ҳәм тәбийий ресурслар жетиспеўшилигинен келип шықпақда.

Не ушын инсанның тәбиятдан пайдаланыўы нәтийжесинде машқала жүзеге келеди, бунның себеби неде? Ҳәзирги ўақытда илим-техниканың раўажланған, шығынсыз технологияларың ең жайған бир ўақтында бул машқаланың келип шығыўы.

-Биринщиден- Дүнья халқының тез пәт пенен өсип барыў нәтийжесинде тәбийий ресурслар жетиспеўшилиги

-Екиншиден өндиристиң тез пәт пенен раўажланыўы нәтийжесинде, тәбиятға шығарылып атырған шығындылардың көбейиуи

-Үшиншиден инсан ҳәм тәбият арасындағы байланыслардың бузылыўына байланыслы болмақда.

Ондай болатуғын болса тәбиятдан пайдаланыў ҳәм оны шөлкемлестириўде инсан искерлигин есапқа алыў ең зәрүрли фактор болып есапланады.

Инсан ҳәм тәбият арасындағы байланыслар локаль, регионал, универсал, главал масштабда жүз береди.

Локаль масштабда инсанлар ҳәр күни тәбият пенен байланыста болып, оны асыраб –абайлаў, оның менен биргеликте гармонияда, тәбият нызамлықларына бойсынып жасаў ушын қабыл етилген қағыйдаға бойсынып инсанның сезимлери менен биргеликте қәлиплеседи. Бул байланыс инсан ҳәм тәбият арасындағы ең күшли, турақлы байланыс болып есапланады.

Регионал маштабда ири географиялық район ямаса бир пүтин мәмлекет болыўы мумкин. Бул масштабта қандайда бир конкрет территория ямаса ландшафтда жасаўшы этнос ямаса бир елде жасаўшы халықтың тәбият пенен байланысы көриледи. Анықлап айтқанда «тәбийий-хожалық» системада тәбият ҳәм жәмийет арасындағы байланыс қәлиплеседи. Бул байланыс еки иеарархияда жүз береди. Биринши - белгили бир территориядағы этнос ҳәм тәбият арасындағы байланыс, этнослардың тәбияттан пайдаланыў мәдениятының қәлиплесиўи менен мәдений ландшафттың қәлиплесиўи жүз береди. Тәбиятдан пайдаланыўдағы минимал түрдеги қәрежет-бул жоқары дәрежедеги мәдениятт байлығы, идеал, миллий мақтаныш предмети. Идеаллар дәстүр ҳәм үрп-әдетлерди қәлиплестиреди. Қәлиплескен тәбиятдан пайдаланыў мәденияты бул жүдә

турақлы инсан ҳәм тәбият арасындағы байланысты келтирип шығарады. Тәбияттдан пайдаланыўдың миллий дәрежесинде баслы рольди мәмлекет атқарады. Мәмлекет мақсети пухаралардың келешегин, ийгилигине жетисиў.

Ҳәр бир мәмлекетте пухаралардың экологиялық қәўипсизлигин тәмийинлеўши миллий нызамшылығы бар. Биракда тәбият ҳәм тәбият қублысларында мәмлекетлик ямаса админстративлик шегара болмайды. Соның ушын тәбиятдан пайдаланыўдың трансшегералық машқалалары ҳәзирги заманның ең актуал машқалалары болып есапланады. Бул мәселени тек халық –аралық келисим менен ғана шешиледи.

Ҳәзирги ўақытда Арал бойы регионында жүз берип атырған экологиялық машқаланың шешиминде инсан ҳәм тәбият арасындағы байланысларды иеарархиялық басқышда көрип шығыў ақылға муўапық болып есапланады.

**Илимий жумыстың үйренилиў дәрежеси**

Инсан ҳәм тәбият арасындағы байланыслар, тәбийий орталықтың адамға тәсири ҳаққында қызығыўшылық, ең әййемги дәўирден пайда бола баслаған. Инсан ҳәм тәбият арасындағы байланыслар ҳаққында көз-қараслар ҳәр қыйлы болып, айрымлары тәбияттың адамларға тәсирин толық бийкарласа, айрымлары адамлардың турмыс тәризин, хожалық типлерин, цивилизацияның раўажланыўын қоршалған орталық пенен байланыстырады. Дүнья халықларының ең әййемги заманларға тийисли тәбият пенен байланыслы түсиниклери халықлардың аўыз-еки шығармаларында дөретилген. Әсиресе антик дәўир тарийхшылары Геродот, Ктезий, Полиэн, Митиленский, Табарий, Беруний, Ибн-Сино, ҳ. т. б. шығармаларына тәбияттың инсан турмысында әҳмийети ашып берилген.

Орта әсир философ ҳәм социолог илимпазлардың мийнетлеринде жәмийеттиң раўажланыўында географиялық орталықтың әҳмийетин ашып берген. XIX ҳәм XX әсир басларында Европа ҳәм Россия географларының мийнетлеринде инсан ҳәм тәбият арасындағы байланыслардың географиялық тийкарлары ашып көрсетиледи. Инсан ҳәм тәбият арасындағы байланыслар Россия географларының мийнетлеринде тәбияттан пайдаланыў концепсиясы арқалы жаңа географиялық бағдарда жаратылмақда. Буны магистр жумысымыздың биринши бабында толық тоқтап өтемиз.

Мен өз илимий жумысымда илимий, статистикалық, картографиялық оқыў әдебиятларынан ҳәм Интернет материалларынан пайдаландым.

**Илмий жумыстың объекти ҳәм предмети.**

Магистр жумысының объекти «Тәбият ҳәм жәмийет», предмети «Тәбият ҳәм жәмийет» арасындағы байланыслар.

**Илимий жумыстың махсети** – Арал бойы регионында жүз берип атырған экологиялық дағдарыс комплекс жандасыўды талап ететуғын машқала болып есапланады. Тәбият пенен инсан арасындағы байланыслардың жағдайын билмей турып, жуз берип атырған экологиялық дағдарыстың себеплерин биле алмаймыз. Соның ушын тәбият ҳәм инсан арасындағы байланыслардың географиялық машқалаларын үйрениў ҳәзирги күнниң талабы. Бунның себеби географияның үйрениў оъектинен келип шығатуғын болсақ, география ҳәм тәбиятты, ҳәм жәмийетти үйренеди. Соның ушын бул мәселеге географиялық жандасыў үлкен әҳмийетке ийе.

Тәбият ҳәм жәмийеттиң кенислик ҳәм ўакыт айырмашылықлары бойынша байланысларының қәлиплесиўин, олардың әқибетлерин ҳәм буның нәтийжесинде жуз берген экологиялық жағдайларды үлкемиз мысалында ашып бериўде тәбият ҳәм жәмийет арасындағы байланыслардың географиялық тийкарларын үйрениўди магистр жумысымның махсети етип қойдым.

Буның ушын өз алдыма төмендеги ўазыйпаларды шешиўди махсет етип қойдым.

-Тәбият ҳәм жәмийет арасындағы байланыслардын қәлиплесиўин үйрениў

-Тәбият ҳәм жәмийет арасындағы байланыслар ҳаққында көз қараслар менен танысыў

- тәбият ҳәм жәмийет арасындағы байланыслардың географиялық машқалаларын анықлаўда тәбияттан пайдаланыў концепциясының әҳмийетин ашып бериў

Инсаният жәмийетиниң тәбийий ресурслар менен тәмийинлениўи ҳәм пайдаланыўының географиялық тийкарларын анықлаў

- Тәбияттан пайдаланыўдың әқибетлерин ашып бериў

-Арал бойы экологиялық машқаларын шешиўде тәбият ҳәм жәмийет арасындағы байланысларды үйрениў

**Илмий жумыстың жаңалығы төмендегиден ибарат**

-Тәбият ҳәм жәмийет арасындағы байланыслардың географиялық тийкарлары анықланды

-тәбият ҳәм жәмийет арасындағы байланыслардың географиялық машқалаларын анықлаўда тәбияттан пайдаланыў концепциясының әҳмийети ашып берилди.

Арал бойы экологиялық машқалаларын келип шығыў негизинде тәбият ҳәм жәмийет арасындағы байланыслардың географиялық машқалалары анықланды.

Изертлеўдиң теория ҳәм методикасы -Өзбекстан Республикасы Президенти И. А. Каримовтың Мәмлекетимиздиң турақлы раўажланыўында экологиялық жағдайдың орны, тәбиийий ресурслардан ақылға муўапық пайдаланыў, Арал бойы регионына экологиялық жағдайларды жақсылаўға бағышланған илмий, монографиялық ҳәм арнаўлы илимий жумыслар –жумыстың илимий тийкарлары болып есапланады. Буннан басқа географиялық, тарийхый, этнографиялық картографиялық оқыў әдебиятларынан ҳәм статистикалық материаллардан пайдаландым.

Магистрлик диссертацияда салыстырмалы географиялық, статистикалық, тарийхый диахронологиялық методлардан пайдаланылды.

Магистр жумысының жуўмақларын әмелиятда пайдаланыў- изертлеў жумысының жуўмақлары –тарийхый география, тәбиятдан пайдаланыў, экология, экологик мониторинг, үлкемиздиң экологиялық машқалаларына бағышланған арнаўлы курсларды оқытыўда илмий дерег сыпатында пайдаланыў мүмкин.

Изертлеў нәтийжелериниң баспадан шығарылыўы –диссертация темасы бойынша 2 илимий мақала Өзбекстанның 20-жыллығына бағышланған «Өзбекстан республикасы экономикасы ҳәм жәмийет раўажланыўының ҳәзирги заман принциплери» темасында өткерилген Республикалық илимий -әмелий конференция материалларында «Абу Али Ибн Сино мийнетлеринде инсан ҳәм тәбият арасындағы байланыслар ҳаққында пикирлер», Магистрантлар илимий мийнетлери топламында «Иқлимга таъсир этувчи антропоген омиллар» атлы мақалаларым баспадан шықты.

Диссертацияның дүзилиси ҳәм көлеми. Бул жумыс тийкарынан 3 баптан 6 бөлимнен турады. Жумыс өз жуўмағына ҳәм пайдаланған әдебиятларға ийе.

# I. БАБ. ТӘБИЯТ ҲӘМ ЖӘМИЙЕТ АРАСЫНДАҒЫ БАЙЛАНЫСЛАРДЫҢ ҚӘЛИПЛЕСИЎИ

Барлық тири организмлер тиришилик орталығы менен тығыз байланыслы. Бирақ ҳайўанлардың тиришилиги тәбийий процесслер менен байланыслы болып, узақ ўақытлар даўамында олар бейимлесип барады, егер тәбиятта өзгерислер жүз берсе тез қырылып кетеди орнына жаңа түрлер пайда бола баслайды.

Тек адамлар ғана өзлериниң коллектив түрде мийнет етиўине байланыслы, өзлеринен қарым қатнас ушын тилди пайда етип, мийнет қуралларын, аўқат, үй-жайларды ислеўди үйренип, отты жылаўлап, тәбият ынжықлықларына қарсы турып ғана қалмай, тәбиятты ҳәм тәбият қублысларын өзлерине хызмет етиўлерине мәжбүрледи. Инсан тәбият пенен байланыс барысында ҳәр қыйлы дөретиўшилик ислерин алып барыў менен бирге аяўсыз түрде жеңимпазға айланды, бул жеңислер өз гезегинде қатаң жеңилиўге, сәтсизликке айланды.

Кейинги ўақытта инсанның адамзат үлкен масштабда тәбиятқа тәсирин көрсетип еки тәреплеме нәтийжеге ийе. Мысалы айрым жерлерде техноген шөллесиў жүз берип атырған болса, ал айрым жерлерде топырақ өнимдарлығы артып шөллер бағқа айланбақта.

## I. 1. Тәбият ҳәм жәмийет арасындағы байланыслардың этаплары

Ең әййемги адамлардың тәбият пенен арасындағы байланыслар жүдә әпиўайы болып, адамлар дерлик тәбияттың бир компоненти болып оның менен тығыз байланыста болған. Дәслепки хожалық типлеринен теримшилик болып, ярым көшпели, пада-пада болып өсимлик, мийўе, тамырлар менен азықланған. Теримши-адам ушын жылына 500 га. керек болып, суткада 25-30 км. жерди басып өтиў керек болған. Кейин ала теримшилик қысқарып, дәслебинде кишкене, кейиннен ири ҳайўанларды аўлаўға өтип барады. Адамлардың аңшылыққа актив түрде өтилиўи әййемги адамлардың аўқатлық рационың өзгертти. Бул вегетерианлықтан (өсимликтен аўқатланыў) ҳәмме нәрселерди жеўшилерге өзгертти. Аңшылық пенен бирге балықшылықта раўажланып барды.

Әййемги дәўир ақырларына келип өзлестириўши хожалықтан, ислеп шығарыўшы хожалыққа өтти. Дәслеп әпиўайы дийқаншылық ҳәм шарўашылық түрине өте баслады.

Адамзат жәмийетиниң ең баслы қәдеми аңшылық ҳәм теримшиликтен дийқаншылыққа ҳәм шарўашылыққа өтиўи болып инсаният тарийхында неолит революциясы деп аталып, бул адамлардың жасаў жағдайын түптен өзгертирип жиберди. Яғный адамлар өзлестириўши экономикадан ислеп шығарыўшы экономикаға өтти.

Шарўашылыққа хәм дийқаншылыққа өтиў стадиясы узақ даўам етти. Адамлар соның менен бирге аңшылықты ҳәм теримшиликтен бас кешпей параллель даўам ете берди. Бунық өзи төменлеп баратырған биологиялық ресурсларды әстенлик пенен толтырып барды. Үй ҳайўанларының қолға үйретилиўин Г.Чайльд климат пенен байланыстырады. Климаттың қурғақланыўы менен адамлар ҳәм ҳайўанлар суў излеп араласыўы нәтийжесинде болса, айрым изертлеўшилер болса басқа гипотезаны келтиреди. Аң аўланып жүргенде адамлар кишкене ҳайўанларды үйлерине әкелиў оларға үйренип, кейин ала олардан аўқатқа пайдаланыў яғный тири консерва ретинде қараў пайда бола баслаған. Үй ҳайўанларын көбейтиў ушын дәслебинде жүдә жуўас ҳайўанларды таңлаған.

Егиншиликтиң пайда болыўы теримшиликтен жыйналған дәнлердиң тосаттан шашылыўы ҳәм шығынды ретинде тасланыўы нәтийжесинде кишкене егин атызларының пайда болыўына себепши болған. Дәнди егиў буннан 12-11 мың жыл алдын усылай басланған еди.

Б. В. Андрианов ҳәм В. М. Массон тәрепинен дүзилгенайрым ҳайўанлардың үйге үйретилиўи ҳәм өсимликлердиң мәдийнетлестирилиў хронологиясы

| Жыллар | Ҳайўанлар | Өсимликлер |
|---|---|---|
| 14000 | Ийт | |
| 10000 | | Гүриш |
| 9000 | қой ҳәм ешки | Асқабақ, бурыш |
| 8000 | | бийдай, арпа, қыяр, қәрели |
| 7500 | Шошқа | |
| 6500 | Ири шақлы қара мал | |
| 6000 | Теңиз свинкасы (тышқанға усаған ҳайўан) | қыяр |
| 5000 | | Мәкке, фасоль, собықлылар |
| 4000 | Бир өркешли түйе | |
| 3500 | Лама, пиле қурт | Картофель |
| 3000 | Ат, пышық, ҳәрре, ешек, еки өркешли түйе | Шай, маслина |

| | | |
|---|---|---|
| 2500 | Як, үйрек, суў буйволы | |
| 2000 | Таўық | Сулы, қара бийдай |
| 1500 | Ғаз | соя |
| 1000 | Арқа буғысы | |

Дийқаншылықтың биринши ошақларынан Н. И. Вавилов тәрепинен ажратылған мәдений өсимлик түрлери орайларына туўры келеди.

1. Қытай (тары, гречиха, соя, овощ гаолян ҳ. т. б.)

2. Ҳиндистан (гүриш, қант қамысы, сулы, баклажан, қыяр, кокос пальмасы ҳ. т. б. )

3. Орта Азия (бийдай, қара бийдай, чечевица, зығыр, кендир, қаўын, гешир ҳ. т. б.)

4. Азия алды (бийдай, арпа, сулы, горох, жоңышқа, алмурт, әнжир, грех ғозасы, анар, миндаль)

5. Орта жер теңизи (бийдай, сулы, арпа, чечевица, горох, беде, маслина, қант ләблеби, капуста, сельдерей)

6. Абиссина (бийдай, сулы горох, собықлы, кофе ағашы)

7. Түслик Мексика ҳәм Орайлық Америка (мәкке, асқабақ, фасоль, ашшы бурыш, пахта, томат, какао)

8. Түслик Америка (картошка, мәкке, томат асқабақ, табақ)

Тийкарғы мәдений егинлер $20^0$ ҳәм $45^0$ арқа кеңликтен басланған. Бир қыйлы егин ҳәр жерде ҳәр қыйлы өзлестирилген. Ҳәзирги ўақытта 500 мыңға жақын өсимликлерден адамлар тек ғана 23 мыңынан пайдаланады. Аўқатлардың тийкарғы массасын, үй ҳайўанлары ушын азықлық от-жем 100-150 түрден пайдаланады. Булардың пайдаланыў бойынша айырмашылығы жүдә үлкен. Үш түрли өсимлик бийдай, гүриш ҳәм мәкке адамзатқа азықлық калориясының ярымынан көбрегин береди.

Әйийемги дийқаншылық Орайларының (ошақларының) пайда болыўы төмендегише тарқалған.

10-6 б. э. ш- Арқа батыс Тайланд

8-6-Алдыңғы Азия, Шығыс Орта жер теңизи

7-6-Индоқытай

6-5-Иран ҳәм Орта Азия

5-4-Нил алабы

5-3-Ҳиндстан

4-1-Индонезия, Қытай, Орайлық Америка, Перу

Бул территорияларда жеткиликли жыллық ресурслары, атмосфера жаўынлары менен төмен дәрежеде суўғарылатуғын территория болып, дийқаншылық жасалма жоллар менен суўғарылған. Адам суў алып кеткен жерлерден, суўдың қайтқаннан кейин өсимликлердиң қалың болып өсип кеткенин көрип жасалма суўғарыўдың зәрүрлигин түсинип жетеди.

Сахара ең әйийемги үй ҳайўанларын ҳәм өсимликлерди мәденийлестиген орайлардың бири. Сахара голоценниң биринши ярымында Сахара көриниси басқаша болған. Буннан VIII-IV мың жыл алдын муз басыўдан кейин климат оптимумы басланып климат бираз жыллы болды. Климаттың ысып кетиўи пуўланыўшылықтың көбейиўине алып келди. Соның ушын барлық арид территорияларда ығаллы климат қәлиплескен. Сахарада жылына 200-400 мм жаўын-шашын жаўған. Сол ўақытлары Чад көлиниң үлкенлиги Каспий теңизи менен теңдей болған.

Неолит стоянкаларында суў дереглериниң орынлары, тастан соғылған инвентарлар, балта, дән қырғыш, орақлар табылған. Буннан басқа керамикалық ыдыслар, мәйек қабықлары, балық қармақлар, гарпунлар (теңизлердеги ири ҳайўанлар ҳәм балықларды шаншып алатуғын найзалар) табылған. Моллюска, ҳәм балықтың сүйеклери шексиз түрде табылған.

Сахара таў массивинде әйийемги адам қалдырған таў жар тасларына салынған сүўретлерден ығаллы климаттан аридлесиў процессине избе-излик пенен өтиўин көрсек болады.

Сүўретлер избе-излик пенен салынған. Француз археологи Р. Капо-Рей бул сүўретлерди избе-излик пенен группаларға бөлген.

Биринши группа- ең әйийемги (шама менен б. э. ш. 6 мың жыл алдынғы) сүўретлер болып бунда батбақлық, көл ҳәм дәрьялар менен байланыслы ҳайўанлар сүўретлери болған. Олардан гиппопотамлар, носороглар крокодиллер ҳ. т. б.

Екинши группа –сүўретлери саванна жабайы ҳайўанлары (пил, жираф, антилопа, страус, ҳ. т. б. )

Үшинши группа-ең кейинги сүўретлер дала ҳәм шөл зоналарының ҳаўанлары-атлар, бир өркешли түйелер ҳ. т. б. Бундай избе-излик аридизация бағдарын көрсетеди. Бул көринистен дийқаншылық, аңшылық, балық тутыўшылық ҳәм шарўашылық пенен шуғылланыўшы отырықшылар көшпелилерге айланғанын көрсек болады.

Бул шөллениў процессинде тәбийий қублысларға қарағанда, антропоген басымның үстемлигин көриўге болады.

Ланшафтлардың шөллениуге алып келиуши адам ис-ҳәрекет түрлерин Л. Г. Бондарев төмендегише классификациялайды.

1. Жайлаўларда ҳәдден тысқары, әсиресе ири шақлы қара маллардың бағылыўы нәтийжесинде, жайлаўлардың топрақ-өсимлик қатламларының бузылыўына алып келди.

2. Жайлаўлардың жағдайын жақсылаў ушын қурғақ шөплердиң жағылыўы көп жыллық өсимликлердиң дефляциясына алып келди.

3. Тоғайларды жағып жер ашыў нәтийжесинде, көплеген субторопикалық тоғайларды жоқ қылып жиберди.

Неолит дәўириниң айырмашылығы инсан исленген жерине байланып қалыўы, нәтийжесинде отырықшы жәмийетти пайда етти. Отырықшы жәмийеттиң пайда болыўы менен халықтың тығызлығы артып барды. Гүлалшылық, тасларды жоныў өнерментшилиги раўажланып барды.

Биринши отырықшы жәмийет тийкарғы  төрт регионда жайласты. Жаўын Шығыста, Тигр ҳәм Евфрат дәрьясы аралығы, Нил дәрьясы алабы, Инд алабында, Қытайдың арқа тегислиги Хуанхэ ҳәм Янцзы алапларында раўажланды. Дәслепки дийқаншылық экстенсив характерде болып 2-3 жылдан кейин егилетуғын жерди басқа орынға өзгерте берген.

Ўақыттың өтиўи менен дийқаншылық тәжрийбеси артып төгиннен пайдалана баслады, жерди қайта ислеў тәжрийбелери артты. Ыссы қурғақшыл районларда суўғармалы дийқаншылық төгиннен пайдаланыў ҳәм дәрья келтирген минералларға бай ил нәтийжесинде Нил, Евфрат, Тигр, Ганг дәрьяларының бойларында ҳасылдарлық артып барды. Дийқаншылықтың раўажланыўы менен халықтың тығызлығы да артып барды. Б. э. ш. 7 мың жыл алдын бул жерде қурылған Иерихон қаласы 3000 адамға мөлшерленген болып дийўал ҳәм минарлар менен оралған. Б. э. ш VI мың жыллықта Түркменстанның түслигинде жейтун мәденияты аймағында 3 мыңға жақын адам жасаған. Б. э. ш. IV мыңыншы жылларға келип халықтың саны бул жерде 12-14 мың адам жеткен. Өнимдарлы топрақлы регионларда халықтың тығызлығы 1. кв. км-ге, 250-350 адамға туўры келсе, шалыгершилик районларында 1. кв. км-ге 500 адамнан  туўры келген. Ислеп шығарыўшы хожалыққа өтиў менен өнерментшилик интенсив түрде раўажланып барды. Отырықшы турмыс тәризи басланыў менен беккем үйлер керек болды. Адамлар өзлерине қолайлы етип үйлер қура баслады. Аўыл хожалық қуралларының исләниўи өнимдарлыққа үлкен тәсирин тийгиздирди. Адамның алдында артықша алынған дәнди сақлаў машқаласы туўды. Дәнди таза сақлаў ҳәм кемириўшилерден қорғаў бойынша исленген инсанның ең жетилискен ойлап табылыўларының бири керамикалық

ыдыслардың ис履ениуи болып, ол дәнлерди ең экологиялық таза сақлаўға мүмкиншилик туўдырды. Керамикалық ыдыстан инсанның пайдаланыўы кеңейип, оннан тек дәнлерди сақлаў ушын ғана емес, ал басқада азық-аўқат өнимлери, суўды сақлаўдада кеңнен пайдаланды. Соның ушын да керамикалық ыдысқа деген инсанның талабы артып барды. Кийимлерге деген талап өсимлик талаларына деген талапты өсирди.

Дийқанлардың азық-аўқат рационында 80-90 % өсимлик аўқатлар болды. Дийқаншылық мәденияты кеңнен ең жайылып барды, егин түрлери олардан алынатуғын өним өсип барды. Халықтың тығызлығы артып барды. Дийқаншылықтың раўажланыўы менен бирге басқа машқалалар келип шықты.  Мс. Халық тығыз жайласқан жерлерде көплеген жуқпалы инфекция кеселликлери пайда бола баслады. Елатлы пунктлердиң санитариялық жағдайы төменлеп, олар әтирапында жыйналған тасландылар патаслықлар пайда етип, топырақ ҳәм суўлардың бузылыўын алып келди. Бул өз гезегинде инфекция тарқатыўшы кеселликлерди әсиресе глистли аўрыўларды көбейтип жиберди. Дәнлердиң сақланыўы көплеген кемириўшилердиң өзлери менен инфекция ошақларын пайда етти. Аўрыўды қоздырыўшы инфекциялар малларға өтип кейин адамларға өте баслайды. Малярлардың кеңнен тарқалыўы, тоғайларды кесип үй-жай қурыў ислериниң басланыўынан келип шықты. Адамлар үйлерин қурып атырып аўрыў тарқатыўшы насекомаларға қолайлық жаратып атырғанлығын сезбеди. Ылайдан қурылған үйлерде көплеген кене ҳәм москит көбейиўине алып келди, турып қалған салы атызларындағы суўлардың суўғарыў каналларына түсиўи, канал суўларын ыласлап асқазан-ишек кеселликлеринде ушырасатуғын куртлардың көбейиўине алып келди. Шараўашылықта маллардан жуғатуғын аўрыў бруцеллез кеселлиги пайда болды. Гөшлерди жақсылап писирилип желинбеўинен гельминтозлар менен зәҳәрлениў, әсиресе трихинеллез бенен зәҳәрлениў көплеген адамлардың қырылып кетиўине себеп болды. Соның ушында иудейлер ҳәм ислам дини шошқа гөшинде трихинеллездиң көплеп ушраўынан, бул гөшти жеўди қадаған етти.

Өсимлик аўқатлық затлардың басымлығынан адамлардың арасында авитаминозлар көбейип кетти. Өсимлик диетасы белок ашаршылығына алып келди. Неолит дәўириниң экологиялық жағдайы ҳәр қыйлы тоғайды жағып жер ашыў нәтийжесинде үлкен көлемдеги тоғай массивлери жанып кетти соның менен бирге тоғайда жасаўшы ҳайўанларда қырылып кетти.

Тоғай күллеринен зуўала жасап төгин ретинде пайдалынылды. Шарўашылықта болса маллардың саны көбейгени менен олардың жайлаўда бағыўында көпшилик пута ҳәм от  өсимликлери жоқ болып орнында қумға айланды.Аўыл хожалық егинлериниң

экстенсив түрде егилиўи нәтийжесинде топрақ өнимдарлығының кемейип кетиўи ҳәм малларды қайта-қайта бир жерге бағыла бериўи нәтийжесинде жайлаўлардың деградацияға ушраўы, тоғайларды кесип ағаш таярланыўы булардың барлығы топрақ эрозиясына алып келди. «дурные земли» -жарамсыз жерге айланып оның көлеми артып барды. Дәслебинде дийқаншылық қурғақшыл районларда басланды, неолит дийқанлары қурамалы ирригация қурылмаларын қура баслады, бирақ қурғақ территорияларды суўға алдырыў нәтийжесинде грунт суўларының көтерилиўине себеп болып өнимдарлы топрақлар жоқ болып кетти.

Неолит дәўири 5 мың жыл даўам етти. Бул ўақытта халық саны 10 млн. нан 50 млн. ға жетти. Айрым районларда халықтың тығызлығы 1 кв. км 500 адамға жетти.

Неолит революциясы адам турмыс жағдайына үлкен өзгерислер алып келди.

Олар төмендегише.

-Селекция – адамға керекли ҳайўанлар ҳәм өсимликлердиң жаңа сортлары жаратылды. Улыўма тенденцияда көп түрлилик раўажланды.

-Қолға үйретилген ҳайўанлар нәтийжесинде айрым ҳайўанлардың жоқ болып кетиўдиң алды алынды. Ҳәзирги ўақытта жабайы ешек, түйе, түрлери қалмады. Майда шақлы маллардың жабайылары тез-тез қырылып турды, қалғанлары қызыл китапқа киритилди. Жабайы арқа буғысы ҳәм доңызлар ғана көплеп сақланып қалынды. Неолит революциясының адам ушын көп унамлы тәреплери болды.

-Қосымша өним - өнимдарлы ислеп шығарыўшы хожалық артықша азық-аўқаттың топланыўына, мийнеттиң бөлисиўине ҳәмде өнерментшиликтиң басқа тараўларынан бөлиниўине алып келди.

- Адамлардың отырықлы жайласыўына, мәдений егинлердиң көплеп егилиўи, маллардың қораларда сақланыўы, дәнлер ушын аўыр керамикалық ыдыслардан пайдаланыўына себеп болды.

- Балалардың өлимшилигиниң кемейиўи - палеолит ақырларында олар 50% қурады. Тыныш отырықлы өмир ҳәм адамлардың тоқшылықта жасаўлары демографиялық көрсеткишлердиң өсиўине алып келди.

- Орташа жастың узақлығы узайды.

- Коллектив мийлердиң өнимли ҳәрекетине бираз қолайлы жағдай туўылды. Бул термин В.П.Алексеев тәрепинен илимге киритилип, оның пикиринше индивидуал мий адамзаттың топланған тәжрийбесин толық дәрежедеги хабарды қабыл ете алмайды. Бундай қыйыншылықтан адамзат коллектив түрде, барлық қәўимниң биригиўи нәтийжесинде топланған информацияны кейинги әўладқа өткере баслаған.

Ақырғы палеолит дәўиринде адам орташа жасы жүдә қысқа болып, орташа 18-25 жаста өлип кете берген. Олар өзиниң изинде зордан әўлад қалдырған. Әўладлардың өзгериси тез өзгерип турған. Топланған тәжрийбелер жаңа әўладқа әстенлик пенен өткен.

Ал жас узақлығының узайыўы менен халықтың өсиўи ири елатлардың көбейиўи менен коллектив мийлердиң фиксирлеўши жағдайы ҳәм информациялық көлеми артып барды. Тәбияттан пайдаланыўдың прогрессив өсиўи гүзетилди. Ол тас қуралларының ҳәр қыйлылығы, керамиканың пайда болыўы, узақ турыўшы үй жайлардың қурылыўы, темирден пайдаланыўдың басланыўы, ирригация, дийқаншылықтың ҳәм шарўашылықтың жетилисиўи ҳ. т. б.

Жуўмағында неолит революциясы ерте цивилизацияға өтиўге тийкар салды. Соның менен бирге тәбиятқа антропоген тәсирдиң жаңа дәрежесине көтерилди.

Адамзаттың жасалма энергияға өтиўи, тәбиятқа тәсирин кемейтиреди. Энергетикалық қурылмалар, адам менен тәбият ортасындағы байланыслардың екинши ири басқышына өтиўине себеп болды.

Себеби бул қубылыс санааттың тез пәт пенен раўажланыўына алып келеди. Бул дәўирди тарийхта санаат революциясы деп аталып, өз ишине XVIII-XIX-әсирлерди алып, адам ҳәм тәбият ортасындағы байланыслар тереңлесип, адамның тәбиятқа тәсири күшейип барды.

XX-әсирдиң ортасына келип жәмийетте илимий билимлердиң ислеп шығарыўда орны өсти. Жәмийеттиң раўажланыўы илимий-техникалық революция деп ат алып жәмийет пенен тәбият ортасындағы ең ири этапларының бири болып есапланады.

Жәмийет ҳәм тәбият арасындағы байланыслардың төртинши этапы- тәбияттан адам өз мақсетлери ушын тәбияттан объект ретинде пайдаланыўы болды.

Буның нәтийжесинде тәбият пенен жәмийет ортасында байланыс бузылды. Адамлар тәрепинен тәбиятты жылаўлап ерискен жемислери ўақытша табыслар келтирди, ҳәм болажақ әўлад ушын комплексли машқаларды мийрас етти.

### I. 2. Тәбият ҳәм жәмийет арасындағы байланыслар ҳаққында көз-қараслар

Инсанның тәбият пенен байланысы жерде инсан пайда болған ўақытлардан ақ жүзеге келген болып, бул зәрүрий объектив байланыслық өз әҳмийетин буннан кейинде жойытпаған.

Тәбият пенен жәмийет арасындағы байланыслылық, жәмийеттиң тәбиятға, тәбияттың жәмийетке тәсири адамлар санасы ҳәм жигерине байланыслы болмаған объектив нызамлылық. Жәмийет пенен тәбияттың объектив байланыслылығы, тәбийий

шәриятлардың жәмийет раўажланыўына көрсететуғын тәсири дүньядағы айрым халықлар ҳәм мәмлекетлерге тийисли болып қалмай, бәлки пүтин инсанният ушын, барлық жәмийетлер ҳәм мәмлекетлер ушын бир қыйлы улыўмалыққа ийе.

Тәбийий орталықтың адамға тәсири ҳәм тәбият пенен байланыслығы ҳаққында қызығыўшылық жүдә ертеден пайда болған. Бул ҳаққында көз-караслар ҳәр қыйлы болып, айрымлары тәбияттың адамларға тәсирин толық бийкарласа, айрымлары адамлардың минез-қулық пейиллеринен баслап, раўажланыў цивилизациясын қоршалған орталық пенен байланыстырады.

Кейинги раўажланған көз-қараслардан бул мәселеге байланыслы, философиялық бағдарлар болып, булар географиялық детерминизм ҳәм географиялық поссибилизм ағымлары еди. Союз дәўиринде бул бағдарлар илимий емес деп қараланды, әсиресе географияның «антропогеография» бағдары күшли (критикаланды) айыпланды. Яғный бул буржуазия илими деп аталды. Бундай тартыс пикирлер көбинесе идеологиялық характерге ийе болды.

Дүнья халықларының ең қәдимги заманларға тийисли тәбият пенен байланыслы түсиниклер халық аўыз еки дөретпелеринде сақланып қалынған. Әсиресе антик дәўир тарийхшылары Герадот, Ктезий, Полиэн, Митиленский ҳәм басқалардың китапларында тәбият ҳаққында көплеп мағлыўматлар бар. Соныңдай орта әсир тарийхшыларынан Ҳамза Исфаҳоний, Табарий, Маъсудий, Беруний, Ибн-Сино ҳ. т. б. шығармаларында тәбият ҳәм жәмийет арасындағы байланыслар көриледи.

Инсан ҳәм тәбият арасындағы байланыслар ҳаққында көз-қарасларды избе-излик пенен көрип шығамыз.

Адам менен тәбият ортасындағы байланыслар ҳаққында бизиң эрамызға шекем 460-700-жылда жасаған Демокрит өз шығармаларында қоршалған орталықтың, әсиресе климаттың органикалық дүньяға тәсири ҳаққында жазған еди.

Геродот (490-424-жыл б. э. ш.) өзиниң (Тоғыз китаптағы тарийх) китабында адам ҳәм тәбият ортасындағы мәлим бир байланыслар ҳаққында пикир жүргизеди. Ҳәр қыйлы мәмлекетлердиң тәбияты, адамлардың турмысын жаза отырып, ҳәр қыйлы тәбиятта жасайтуғын адамлардың турмыс жағдайы, хожалық түрлери ҳәр қыйлы болып, олар ҳәр қыйлы өним жетистиреди, олар бир-биринен физикалық ҳәм психологиялық жақтан бир-биринен ажыралады деп жазған еди.

Гиппократ «Ҳаўа, суў ҳәм орын ҳаққында» деген жумысында, тәбийий орталықтың адам физилогиясына ҳәм психологиясына тәсири ҳаққында жазған еди. Ол «доктор өзине таныс емес қалаға келгенде қаланың жайласыўына итибар бериў керек,

яғный қала күн шығар тәрепке, шамалға, күн батарға қарағанлығы, суў менен тәмийинленгенлиги, суўың қатты, жумсақлығы, суўдың ағып өткен орны, басланыўы, тузлығы булардың ҳәммесиниң адам организимине тәсирин, өсимлик қатламының қалыңлығына, топрақ қатламына, ҳаўа райының жағдайына үлкен итибар бериў керек, сонда ғана аўрыўдың келип шығыў себебин анықлай аламыз» деген еди.

Сондай етип Гиппократ тәбийий жағдайдың адам ден-саўлығы ҳәм адам руўхына тәсирин үйренди ҳәм медикалық-экологиялық изертлеўлерге баслама салды.

Адам ҳәм тәбият арасындағы байланыслар машқалалары орта әсирлерде Орта Азия илимпазлары  тәрепинен үйренилди. Олар адам ден- саўлығына қоршалған орталықтың тәсирин үйрениўге үлкен итибар қаратып, медицина тараўында дөретиўшилик еткен, ҳәзирги ўақыттағы  «адам экологиясы» бағдарының тийкаршылары болған Абу Али ибн Сино, Абу Абдуллах Илокий, Исмайыл Журжаний, Абу Сакл Масихий ҳ. т. б.  мийнетлеринде көрсек болады. Олар адам кеселликлерин емлеп ғана қоймай, оларға тәсир етиўши қоршалған орталық  факторларын үйренип барған. Солардың бири уллы энциклопедист илимпаз Абу Али ибн Сино. Оның «Медицина нызамлықлары китабы» мийнетинде тәбият ҳәм оның нызамлықларын толық тәрийиплеп, адам ден – саўлығына тәсирлерин ашып берген. Ол жылдың алмасыўы менен климаттың қандай болыўына қарамастан аўрыў түрин келтирип шығаратуғынлығын, мәўсимниң келип шығыўы менен, дәўирдиң алмасыўын емес, сол дәўирдеги өзгерислерди билиў кереклигин айтады. Себеби бул өзгерислер ден-саўлықтың өзгерисине тәсирин жасайды. Ҳәттеки бир күндеги ҳаўа райының кескин өзгерисиде мәселен, жыллыдан бирден суўық басланса адамлардың ден-саўлығына үлкен тәсирин жасайды деп жазады.  Соның менен бирге шамалдың адам ден-саўлығына тәсири ҳәм кеселликлердиң келип шығыўында жасаў орынның әҳмийетин келтирип өтеди. Соның ушын жасаў орнын таңлағанда сол жердиң топрағы, жер бетиниң дүзилиси бәлентпе, төменбе, ашық жерме яки жаўықпа, суўы қандай, ол суў қалай келеди, самал келеме яки шамал келмейтуғын шуқырлықпа, шамаллары жағымлыма яки суўықпа, теңизге, батбақға, таўға жақынба, жергиликли халықтың ден-саўлығына деген қатнасы қандай, әдетте қандай аўрыўлар менен аўрыйды, олардың күши, аўқатты сиңириўи, аўқат түрлерине итибар берилиў қандай, мине усы факторларды әлбетте есапқа алыныўы кереклигин айтады. Соның менен алым турақ жай экологиясына үлкен итибар қаратып үйлердиң айна,  қапылары шығысқа ҳәм арқаға қараған болыўы керек. Себеби шығыс  самаллары үйдиң қапыларын ашқанда толық кириўи ҳәм қуяш нурлары үйдиң ҳәмме жерине түсиў керек, қуяш нуры үй ҳаўасын жақсылайды деп жазады. Бул жерде илимпаз шамал бағытының адам ден-саўлығына

қандай тәсир етиўине толық тоқтап өтеди. Уллы илимпазымыздың бундай пикирлери ҳәзирги ўақытта медицина тараў хызметкерлерине ҳәм өз ден-саўлығына бийкар қарамаўшылар ушын баҳалы кеңес болып есапланады. Себеби биз тәбияттың бир бөлеги екенбиз, әлбетте тәбиийй орталық жағдайын ҳәм тәбият нызамлықларын есапқа алыўымыз керек.

Адам ҳәм тәбият арасындағы байланыслар ҳаққындағы XVIII-әсирде философ материалистлер жумысларында үлкен итибар берилген. Бул изертлелер Шарл Луи Монтескье (1689-1755) жумысларында көриўге болады. Ҳәм оны географиялық детерменизм тийкарын салыўшы деп атады. Монтескье социаллық қубылысларды тәбиийй жағдайға байланыстырды. Тәбиийй орталық, әсиресе климат, жәмийеттеги барлық қубылыслардың анықлаўшы себеплери болады деген еди. Ол өзиниң «Руҳлар ҳаққында нызамлар» шығармасында суўық климат зонасында жайласқан адамлар күшли шыныққан болады, орташа климат зоналарында адамлардың турмыс жағдайлары турақсыз болады, себеби бул жердиң климаты турақсыз, ал ыссы климат зонларында адам денеси дене күшин жойтады. Соның ушын ыссы ҳәм ығаллы климат жағдайында адамлардың психикасы әзилленген болады. Тәбияттың қатаң қубылыслары-тайфунлар вулканлардың атылыўы, суў басыўлар адамлардың еркинлигин басып таслайды. Соның ушын халықтың үстинен зулымлық өткериў жүз береди, ҳәмде түслик мәмлекетлердиң (деспот) зулымлы шексиз ҳүкимдарлығы географиялық орталыққа байланыслы. Ал түсликке қарама-қарсы болған арқа зонаның қатаң тәбияты адамды балалықтан психикасын ҳәм еркинлигин шынықтырады. Бул жерде сиясий басқарыўдың еркинлик түри пайда болады деген еди. Монтескьенниң көз-қарасын бир қанша илимпазлар қоллап қуўатлайды.

Англияның социалог-илимпазы Г. Т. Бокль (1821-1862) өзиниң «Англияның цивилизация тарийхы» жумысында жәмийетлик ҳәм мәдений раўажланыўында географиялық орталықтың әҳмийетин келтирип өтеди.

Бирақта оның Монтескьеден айырмашылығы, ол адамлардың биологиялық жақтан тең екенлигин, бирақ тәбияты хожалығы ҳәм мәдениятының раўажланыўында географиялық орталықтың ҳәр қыйлы тәсир етиўин келтирип өтеди. Жәмийеттиң раўажланыўын географиялық орталық белгилейди деп Европа цивилизациясы ҳәм айрым халықлардың мәдений жақтан толық раўажланбағанлығын географиялық орталық пенен байланыстырып дәлийлеп көрсетеди. XIX-әсирде адам ҳәм тәбият арасындағы машқалалар географиялық жумысларда ушырасады. К. Риттер (1779-1859) ҳәм Ф. Ратцельдиң (1844-1904) жумысларында жердиң тәбияты ҳәм халықлар ҳаққында тоқтап

өтип, ҳәр бир халықтың өзине тән мәдениятың ҳәм турмыс жағдайын тәбийий орталық пенен байланыстырып үйренеди. Мюнхен университети профессоры этнографы Фридрих Ратцель биринширлерден болып мәдeният қублысларының тарқалыў нызамлықларын еллер ҳәм зоналар бойлап тарқалыўына итибар берди. Эволюционистлер мәдeният қублысларын тарқалыўын келип шығыўын анық келип шығыў жағдайына байланыстырмады. Рацель биринширлерден болып мәдeният қублысларын халықлар арасындағы байланыс белгиси деп мәселени қойды. Расалар араласады, тиллер пайда болады ҳәм жоғалады, халықлардың атлары өзгереди. Тек мәдeният затлары өзлериниң формасын ҳәм ареалын сақлайды. Өзиниң идеяларын Ратцель көп томлы шығармаларында «Народоведение», «Анторпогеография» «Земля и жизнь» адамзаттың жер бетиндеги тарқалыўын ҳәм мәдeнияттың раўажланыўын географиялық жағдай менен байланыстырды. Буның ушын ол халықлардың ишки турмысына тәбийий орталықтың барлық тәсир етиўши формаларын ҳәм мәдeнияттың қәлиплесиўин, халықлар арасындағы қатнаслар характерлерин ҳәр тәреплеме үйренип шықты.

Ратцельдиң мәдeният концепциясның баслы идеясы «Антропогеография» мийнетинде дөретип материаллық мәдeнияттың затларының географиялық тарқалыўын бул затлардың таратыўшысы адамлардың тарқалыўы менен байланыстырды. Тәбийий жағдайға байланыслы халықлар арасындағы мәдeният айырмашылығы, халықлар арасындағы байланыслар нәтийжесинде этнографиялық затлар әсте ақырынлық пенен билинбей кетеди. Ақырында Ратцель халықлардың ҳәр қыйлы байланыс формаларына итибар берди. Қәўимлердиң көшиўлери, басқыншылық ҳәрекетлери, рассалық типлердиң араласыўлардың типлери, саўда ҳ. т. б. Усы процесслер нәтийжесинде мәдeнияттың кеңислик арқалы тарқалыўы жүз береди. Әмелиятта этнографиялық затлардың тарқалыў формасына кирип буның әҳмийети тил ҳәм рассалық белгилердиң тарқалаўына қарағанда әҳмийетлирек.

Расалық типлер өз ара бәрқулла араласады, соның ушын ҳәзирги заман рассалары аралас. Тил бираз турақлырақ расаға қарағанда, бирақ ўақыттың өтиўи менен олда әстенлик пенен өзгерип барады. Материаллық мәдeният затлары көбирек өз формасын ҳәм өзиниң тарқалыў басқа мәдений қублысларға қарағанда узақрақ сақлайды. Оның пикиринше халықлар өзгериўи, жоқ болып кетиўи мүмкин бирақ материаллық мәдeният өзгериссиз қалыўы мүмкин. Соның ушында этнографиялық затлардың географиялық тарқалыўын үйрениў мәдeниятты изертлеп атырғанда бираз әҳмийетке ийе деп жазады.

Соның менен бирге Ф. Ратцель халықлардың мәдeниятының раўажланыўын тәбияттың қолайлығына байланыстырып жер бетиндеги жабайы халықлардың жасаў

орынлары, жер бетиниң суўық, ыссы еллеринде, айрым ажыралып турған атаўларда, барып билмейтуғын таўларда, шөллерде болғанлықтан оларда дийханшылық ҳәм шарўашылық раўажланыўына мүмкиншилик жоқ. Мысалы Австралия, түслик Америка, тәбийий жағдайлары байлық таңлаўға жағдай туўдыратуғын, өнимдарлы топырақ ҳәм мийнет мәдениятының раўажланыўына үлкен әҳмийетке ийе деп жазады.

К. Риттер «Жер таныў» пәниниң тийкарын салыўшылардың бири болып, оның пикиринше бул илим адам менен тәбият ортасындағы байланысларды үйренеди. Ол жерди адамның жасайтуғын үйи деп есаплады.

Географиялық орталықтың өзгериўин ал цивилизацияның табыслары деп түсиндирди. Риттер бириншилерден болып адамның тәбиятқа кери тәсирин көрсетип өтти.

К. Риттер ҳәм Ф. Ратцелдиң изертлеўлерин даўам еттириўши илимпазлардың Э. Реклю, А. Гюйо, П. П. Семенов-Тянь-Шанский, Л. И. Мечниковлар болды. Француз географы Э. Реклю өзиниң (Адам ҳәм жер) жумысында адамзат тарийхын, адам менен тәбият арасындағы байланыслар тарийхы деп, бағдарды (мезеология) деп атады. Буннан басқа ол биринши болып (географиялық орталық) түсинигин киритип, адамды қоршаған орталықты түсиниги деп атайды.

Э. Реклюдиң шәкирти Л. И. Мечников өзиниң жумысларында адам ҳәм тәбият арасындағы байланысларды тәбийий тарийхый процесс деп есаплады. Оның ҳәммеге белгили болған (Цивилизация и великие исторические реки, Географическая теория развития современных обшеств) шығармасында, коллективлик мийнет тәбиятты жақсы тәреплерге өзгертирип оның өнимдарлығын асырады, бундай мийнеттиң арқасында жәмийетлик қатнаслар келип шығады деген еди.

Ол мәденияттың ҳәм цивизацияның раўажланыўында суўдың ролин, әсиресе дәрьялардың әҳмийетин айтып өтти. Тарийхый дәрьялар цивилизацияның баслы двигатели болып, ол коллективлик жумысларды шөлкемлестириўге жағдай туўдырады. Тәбиятты өзлестириўде ҳәм тәбияттың ынжықлықларын шешиўде әлбетте коллективлик жумыс үлкен әҳмийетке ийе. Ҳәмде топланған мийнет дәстүрлери әўладтан-әўладқа өтип тәбияттан пайдаланыўдың қыйын усыллары адамларды бириктириўге мәжбүрлейди деген еди.

Адам ҳәм тәбият арасындағы байланыслар ҳәр қыйлы ўақытта ҳәр қыйлы географиялық регионларда ҳәр қыйлы жүз береди.

Этнослардың ҳәм тәбийий орталық пенен байланыслары ҳаққында ҳәзирги заман географиясының ҳәм университет география мектебиниң тийкаршысы Д. А. Анучин

(1843-1923) шуғылланды. Ол өзиниң жер таныў географиясы курс лекциясында (курс лекций географии землеведения) ҳәм тағы басқа үлкетаныў жумысларында, халық оның тығызлығы, этнографиялық қурамы, хожалығы, мәденияты ҳәм турмысын үйренип, олар арасындағы айырмашылықты тәбийий жағдай менен байланыстырады.

Адам географиясы (антрогеография) бул география илиминиң бир тармағы болып ҳәм география илиминиң бирлигин көрсетиўши инсан ҳәм тәбият арасындағы байланысларды үйрениўши пән. Антропогеография тәбийий-географиялық қубылыслар, халықлар олардың географиялық жайласыўы, хожалық мәдений типлери, үрип-әдетлери, мәдениятын ҳәм олар арасындағы тығыз байланыслардың барлығын үйрениў зәрүр деп есаплады.

Адам ҳәм тәбият арасындағы байланыслар машқаласы менен Москва университетиниң профессоры А. А. Крубер шуғылланды. Ол өзиниң (Общие землеведения) мийнетинде адам ҳәм тәбият арасындағы байланыслар толық үйренилип (адам тәрепинен исленген ҳәм пайдаланған затлар кийим, үй-жай, исениўшиликлери менен инаныўларына шекем тәбият тәсирин көрсетип турады) деген еди.

Крубердиң пикири бойынша мәденияттың раўажланыўында адам менен тәбият арасында жана байланыс сабағы пайда болады. Бурын бизлер байланысты мәденияттың мың түрге ийе шексизлигинен көремиз деген еди. Бул байланысларды изертлеўдиң еки жолы бар.

1) Избе-излик пенен тәбийий-географиялық факторларды үйрениў ҳәм олардың адамға, материаллық ҳәм рухыйлық мәдениятына тәсирин тереңнен үйрениў.

2) Адамзаттың жер бетинде тарқалыўын систематикалық түрде сүўретлеў. Олардың айырмашылығын, жер бетиниң ҳәр қыйлы жерлеринде жетилискен мәдениятың ҳәм тәсирин түсиндириў зәрүр деген еди.

Сондай етип А. Гумбольт, К. Риттер, Ф. Ратцель, Э. Реклю, Л. И. Мечников, Д. Н. Анучин, А. И. Воейков, А. А. Крубер ҳ. т. б. илимпазлардың изертлеў жумысларының орайында адам ҳәм тәбият болды. Олар тәбияттың ҳәр қыйлылығын, халықлардың жайласыў айырмашылықларын, хожалығын ҳәм мәдениятын үйрене отырып адам ҳәм тәбият арасындағы байланысларды көрсете билди.

Советлер дәўиринде бул илимпазларды географиялық детерменизм тәрепдарлары деп, кемшиликлери бөртирилип үлкен критикаға ушырады.

Жәмийеттеги бундай қарама-қарсылықларға қарамай t0-жыллардың басында этнограф ҳәм археологлар Б. В. Андрианов, М.Г Левин, Н. Н. Чебоксаров, В. П. Алексеев, бул машқалаға марксистлик идеяларға сүйенген жағдайда хожалық-мәдeният типлери

(хозейственно-культурных типов ХКТ) ҳәм тарийхый-этнографиялық областлар (историко-этногеографических областей ИЭО) ажратылған типологияда, хожалық-мәдениянт типлери өзине тән социал-мәдениянт система ретинде қаралып адамларды мәдениаттың жәрдеминде, хожалық ис-ҳәрекетлери арқалы тәбийий ресурслар менен байланыстырды.

Ҳәзирги ўақытта бул машқаланы шешиўде философлар, тарийхшылар, географлар, этнологлар белсенделик пенен қатнасып атыр. В.С. Жикулинниң пикиринше тарийхый географияның дәстүрий мәселеси адам ҳәм тәбият арасындағы байланысларды үйрениў деген еди. Ол тәбият, халық ҳәм хожалық арасындағы байланыслар адамның қоршалған орталыққа тәсир дәрежесин ҳәм сыпатламасын көрсетеди деп есаплады. Ландшафтлардың өзлестириў тарийхын үйрениўде аўыл-хожалық технологиясы менен ислеп шығарыў күшлерин раўажландырыў дәрежеси ҳәм ислеп шығарыў қатнасықларын бир тәрептен, екинши тәрептен ландшафт характери менен үйрениў кереклигин түсиндирип өтти.

Москва университетиниң тәбияттан ақылға муўапық пайдаланыў кафедрасында тәбияттан пайдаланыў машқалаларының шешиўде тарийхый -географиялық бағдарлары ислеп шығылған. Бул жаңа географиялық изертлеўлер тәбияттың жағдайы, антропоген өзлестириўдиң айырмашылықлары ҳәм территорияның хожалық мақсетлери ушын пайдаланыў арасындағы байланыслардың нызамлықларын үйрениў болып есапланады.

И. И. Невяжский тәрептен ажыратылған тәбийий-хожалық система (ПХС) бул байланыслар кеңислик-ўақыт объектлери тәбийий жағдайлар ҳәм хожалық яки халықтың ис-ҳәрекетлери менен характерленетуғын белгили объектлер. Кейинрек бул системаға этносларды қосқан жағдайда этно-социаллық тәбийий хожалық системасы деп ажыратылып бул системада ландшафт шегарасы оның ишки структурасы адам мийнети менен өзгертилген менен анықланады деген еди.

Бундай пикирге К. В. Зворыкин аўыл-хожалық жерлерин бонитировка машқаласын шешкенде, жерге баҳа бергенде тек ғана топраққа баҳа берип қоймастан, усы топырақты қайта ислеўде ҳәм технология мәдениятты яки жерди ислеў мәдениятың яғный халықтың этно-социаллық айырмашылықларын есапқа алыў керек деген еди. Яғный жерден эффектив түрде пайдаланыўды баҳалағанда, топырақ пенен адам арасындағы байланыс, оның техника ҳәм технология менен тәмийнлениўин ғана есапқа алмай, оның мәдениятын, билимин, тәрбиялыўын ең баслы минез-қулқын үйрениў зәрүр деп есаплады.

Жуўмақлай келе соны айтып өтиў керек, тарийхый дәўирде илимпазлар бул мәселеге ҳәр қыйлы көз-карaслар менен жандасты. Солардан көпшилиги тәбийий географиялық факторлардың адам өмирине ҳәр қыйлы тәсир жасайтуғынлығын, әсиресе сиясий ҳәм социал турмысына тәсир етиўин түсиндирип өтти. Бул түсиндириўлерде айырымлары қәте-кемшиликке жол қойып, айрым халықлардың социаллық раўажланыўларын тәбийий жағдай белгилейди деп тәбияттың ролин асырып көрсетти. Соның ушын буларды географиялық детерминизм ўәкиллери деп есаплады.

Кейин ала бул идеяға қарама-карсы географиялық индетерминизм қойылып, бунда тәбияттың социаллық процесслерге тәсири түптен бийкарланды.

Буның нәтийжесинде география илиминде ҳәм тәбияттан пайдаланыўда үлкен қәтелерге жол қойылды, яғный адам менен тәбият арасындағы байланыслар есапқа алынбады.

Соның менен бирге айтып өтиўмиз керек географиялық детерминизм тәбият пенен жәмийет қубылысларының раўажланыў байланысларының себеплерин ашып бере алды. Әсиресе бул байланысларды үйрениў ҳәм тән алыў, дүнья экологиялық дағдарысты өз басынан кеширип атырған ўақытта, қоршалған орталықты сақлап қалыў қәўипли жағдайда екенлигин, улыўма айтқанда адамзаттың өмири ҳәм келешек тәғдирине байланыслы екенлигин есапқа алғанда жүдә зәрүр болып табылды.

# II. БАБ. ТӘБИЙИЙ РЕСУРСЛАРДАН ПАЙДАЛАНЫЎДА ТӘБИЯТ ҲӘМ ЖӘМИЙЕТ АРАСЫНДАҒЫ БАЙЛАНЫСЛАРДЫҢ ГЕОГРАФИЯЛЫҚ ТИЙКАРЛАРЫ

## II. 1. Тәбияттан пайдаланыў концепциясы,

Тәбиаттан пайдаланыў -ҳәзирги ўақытта илимий әдебиятларда, ҳәм басқа шығармаларда, тилимизде кеңнен колланылып келмекте.

Биринши мәрте бул терминди илимге Ю. Н. Куражковский киритти. Адамлардың хожалық ҳәм ден-саўлық ушын тәбийий ресурслардан пайдаланыўын ол тәбиятдан пайдаланыў деп атады. Үлкен совет энциклопедиясында «Земля» ҳәм тәбиятдан пайдаланыў деген мақалаларда «Тәбияатдан пайдаланыў түсинигине кеңнен тоқталып өтилди. Бул жерде инсанияттың ҳәр тәреплеме тәбиятқа тәсирин, оны корғаў, өзлестириў, қайта өзлестириў деп түсиник береди.

Н. Ф. Реймерс тәбияттан пайдаланыў түсинигин кеңнен берип, оның ўазыйпасы, объекти ҳәм илимлер системасындағы орны ҳаққында токтап, ол ақылға муўапық пайдаланыў деп, инсан ден-саўлығын ҳәм ислеп шығарыўдың эффектли режими,

раўажланыўшы хожалықтың келешектеги қызығыўшылықларын есапқа алған жағдайда ислеп шығарыўдың ең эффектли режими ҳәм тәбийий ресурслардың экономикалық эксплуатациясын тамийинлеўши хызмет ҳәрекет системасына айтылады. Ақылға муўапық емес тәбияттан пайдаланыў (нерациональное природопользование) тәбийий ресурс потенциалын тәмийинлей алмайтуғын (деятельность) хызмет харекетлер системасына айтылады.

Географлар ҳәмме ўакытта тәбиятты қорғаў ҳәм оның байлықларын пайдаланыўға үлкен итибар берип келмекте. Әсиресе бул конструктив географияның тийкарғы ўазыйпасы болып есапланады. Бул тараў бойынша үлесин қоскан илимпазлар И. П. Герасимов, Ю. К. Ефримов, Т. Г. Рунова, В. А. Анучин ҳ. т. б.

Преображенский- тәбияттан пайдаланыўшылар тәбиятқа еки түрли тәсир жасайды, ислеп шығарыўшы ҳәм ислеп шығарыўшы емес болып деген еди. Тәбияттан ақылға муўапық пайдаланыўды шөлкемлестириў экономикада социаллык эффектти тәмийинлейди ҳәм жәмийеттин экономикалық емес тәреплерине унамлы тәсирин көрсетеди. Мс: этикалық ҳәм эстетикалық көз- қараслар.

Тәбияттан пайдаланыўдың (реал) ҳақыйқый проекти конкрет территорияға қаратылған болып бул жерде оның тәбиятты тәбияттан пайдаланыўдың қәлиплескен характерли айырмашылықларына дыққат қаратылады.

К. В. Зворыкин, А. П. Капица, И. И. Невяжскийлер тәбияттан пайдаланыўдың басқа концепциясын береди. Тәбияттан пайдаланыўдың принципиаллық тийкары (схемасы), оның ( типлери, түрлери, формаларын) жағдайлары ҳәм нәтийжелерин үйрениў нәзерде тутылады. Бул авторлар тәбияттан пайдаланыў терминине төмендегише тәрийип береди.-Инсан өз мийнети арқасында, физиологиялық, руҳыйлық ҳәм материаллық талапларды қанаатландырыўы ҳәм қоршалған орталық пенен энергия алмасыў процессине айтылады.

Ақылға муўапық пайдаланыў дегенде конкрет жәмийетте ҳәм дүньяда жетилискен үлгили жуўмаққа салыстырғанда, инсанның талапларын қанаатландырыўда, мийнет ҳәм материаллық шығынның минималасыўы. Тәбияттан пайдаланыў тәбият-хожалық системасында жүзеге асырылады. (Природно-хозяйственные системы)-шекленген кеңислик ўақыт бирлигинде өзине тән қәсийетлерине ийе конкрет территориядағы қәлиплескен белгили халықтың социал-экономикалық хызметлери (деятельность) ҳәм антропоген ҳәм тәбийий объектлер ҳәм қублысларға түсинемиз. Бул концепцияны И. И. Невяжский тереңлестирип тәбияттан пайдаланыў инсан ҳәм тәбият қатнасында көрип

шығыў ҳәм конкрет инсанлар топарының тутқан орнына айрықша кеўил бөлиў махсетке муўапық деп айрыкша системаны ажратады. (Этносоциально-природохозяйственнымисистемы-ЭСПХС) Этносоциаллық-тәбийий хожалық система-бул кеңислик-ўақыт территориал географик бирлиги болып ландшафт шегарасы адам мийнети менен анықланады яғный (этникалық ҳәм социаллық ямаса антропоген шегаралары) тәбияттан пайдаланыўда қәлиплеседи ҳәм тәбийий шегаралары менен туўры келиўин айтады. Невяжский тәрептен аталған бул системада ол инсан ҳәм оның этно-социаллық айырмашылықларын айрықша орынға кояды. Сондай етип территориал географиялық бундай изертлеўлерде этнолог ҳәм этнографиялық изертлеўлерге жақынрақ ямаса кесиспесиндеги изертлеўлер болып есапланады. Бундай изертлеўлер Д. Н. Анучин тәрепинен географияда антропогеографиялық бағдар менен басланған еди.

Бундай территориал географиялық комплекслерин анализ усылын (подход) жақынрақ  анализлерди географияның аралас изертлеў областларында көриўге болады. Ҳәзирги заман тәбийий географияда антропоген ландшафтлар тәлийматында инсан ҳәм тәбият арасындағы байланыслар анализ етилип, тәбийий ландшафлар орнында мәдений ландшафтлар деген түсиникти киритken. Ҳәзирги ўақытта бул бағдар бойынша көплеген жумыслар алып барылмақта ҳәм мәдений ландшафтлар тәлийматы  деген атты алып қалса керек.

Ландшафтқа бундай аттың берилиўи махсетке ылайық себеби рус тилиндеги Культура сөзи латынша Culture қайта ислеў, пайдаланыў дегенди билдиреди. Кең мәниде инсаният жәмийети тәрепинен физикалық ҳәм ақыл мийнети менен дөретилген ландшафт. Справочниклер ҳәм лугатларда мәдений қублыслардың усы  қәсийетлери тәбийий қублыслардан ажралып турады делинген. Аралас илимлерде материаллық мәденият, археологиялық мәденият, микроорганизмлер мәденияты, деген де түсиник бар сондай етип мәдений ландшафт  терминлер қатарына қоссақ болады себеби функционаллық хызмети бирдей. Жер бетиндеги мәдений ландшафтлар ҳаққында биринширлерден болып Ю. Г. Саушкин өз жумысларында көрип шықты. Ол мәдений ландшафт деп -Адам мийнети нәтийжесинде тәбияттағы қублыслар ҳәм затлардың байланысы ҳәм қатнасының өзгериўи, бурынғы тәбийий жағдайына салыстырғанда жаңа басқа қәсийетке ийе болыўы мәдений ландшафты пайда етеди деген еди.

Усыған уқсас пикирди Ф. Н. Мильков келтирип өтеди. Ол мәдений ландшафт дегенде адам тәрепинен бәрқулла басқарылып туратуғын тәбийий комплекслер, ол ҳәмме ўақытта хожалық, эстетикалық ҳ. т. б. фунциялары атқарылып турған ўақытта адам тәрепинен оның жағдайы қоллап турылады. Оның пикиринше мәдений ландшафт бул

хожалықты ақылға муўапық алып барылыў нәтийжесинде, оның бонитети, баҳасы тәбийий ландшафттан жоқары болады деген пикирди билдиреди.

Жоқарыда көрсетилгендей мәдений ландшафт тәлийматы Баха-ресурс бағдарына (оценочно-ресурсную) ийе болып, инсан бул жерде австрактно көринеди.

Бирақта кейинги ўақытлары региональ типтеги жумысларда, территорияларды өзлестириў тарийхына үлкен қызығыўшылық туўылмақта, яғный конкрет бир территориядағы тәбияттан пайдаланыў мәдениятты үйрениў. Бирақта социаль-этник басламасы бул жумысларда көринбейди. Мильковтың мәдений ландшафт түсинигинде кеңислик ареалы, халықтың жайласыў ареалы менен байланыстырмайды, ол адам тәрепинен өзлестирилген тәбийий ландшафты алға сүреди. Оның анализинде тәбийий географиялық базис күшейтиледи. Буның концепциясында, тәбийий ландшафтларды өзлестириўде тек абстрак адам емес, ал белгили тарийхый группа-конкрет этнос оның тәбияттан пайдаланыў мәдениятты қатнасатуғынына изертлеўшилерге мәлим болмай қалады.

Невяжскийдин концепциясында белгили бир этнос мәдений ландшафтты жаратады. Бундай изертлеўде адам ҳәм қәлиплескен тәбияттан пайдалыныў мәденияты менен орайлық орында турады.

Этнос тәбиятта өзиниң жайласыў орнын таңлап алады бул таңлаған орны сол этностың талапларын толық қанаатландырыў керек. Қанаатландырыўдың потенциаллық жағдайы ландшафт ресурсларына байланыслы, жәмийет өзиниң талаплары менен белгили территорияға адаптация (қәлиплесе) баслайды. Адаптация ўақытты талап етеди. Нәтийжеде тәбияттан пайдаланыўда мәлим бир дәстүрлер пайда болады. Ҳәм бул тәбияттан пайдалыныўда ақылға муўапық болады. Сондай етип тәбияттан ақылға муўапық пайдаланыў ҳәм дәстүрий пайдаланыўдың бирлиги пайда болады. Усындай бирлик белгили бир территорияда белгили типтеги мәдений ландшафтты ямаса (этносоциалную природохозяйственную систему) ЭСПХС этносоциаллык тәбийий хожалық системаны пайда етеди.

Қәлеген ландшафтта жүз берип атырған тәбияттан пайдаланыў тиришиликтиң бир түри болып, ўақыттың өтиўи менен, мийнет тәжрийбеси қәлиплеседи. Кейин ала ҳәр бир этностың мәденияты -яғный турмыс тәризи, семьяны шөлкемлестириў, семьядағы мийнет ўазыйпаларының бөлистирилиўи ҳәм социаллық қатнаслардың белгилери пайда бола баслайды. Ландшафттағы үй жайдың жайласыў типлери (оның компановка ҳәм планировкасы), кийимлердиң характери ҳәм формасы, үйдеги үскенелер ҳ. т. б. тәбияттан пайдаланыў процессинде қәлиплеседи. Сондай етип тәбияттан пайдаланыўдың ҳәр қыйлы

жоллары бир нешше жүз, мыңлаған жыллар даўамында қәлиплеседи. Белгили бир тәбийий жағдайда жасаўшы халықларда тәбияттан пайдаланыўдың тийисли стратегиялары исленип шығылады. Буның нәтийжесинде адамлардың характерин ҳәм мәдениятының айрықшалығын анықлайды. Соның ушын этнос белгили бир территорияда узақ жасаса  сол жерге бийимлеседи ҳәм тәбийий теңсизликти бузбай тәбияттан пайдаланыўдың дәстүрлерин сақлайды яғный инсан менен тәбият арасында тығыз байланыста болады.

Буны қарақалпақ этносы мысалында көриўимизге болады, олар тарийхый раўажланыў жолында бир қанша миграция болады, ҳәм ҳәмме ўақытта бир – бирине уқсас территорияны таңлайды, яғный дельта ҳәм үлкен дәрья алапларын Мс: Әмиўдәрья, Сырдәрья, Волга, Урал, Дон, Днепр, Зарафшан ҳәм Қарадәрья, бул дәрья алапларын ҳәм дельталарды таңлаўда олар қәлиплескен комплексли хожалығын даўам еттириўде яғный дийханшылық, шарўашылық (ири шақлы қара маллар басым көпшилигин ийелейди) ҳәм балықшылық. Әсирлер даўамында қәлиплескен дәстүрий тәжрийбе Жаңа жерди өзлестириўде ҳәм хожалықты тиклеўде үлкен жәрдемин тийгизди.

Егер этнослар бир жерде узақ жасаса, ол сол жерге көнлигеди, ҳәм тәбияттың теңсизлигин бузбайды ҳәм нешше әсирлик тәбияттан пайдаланыў дәстүрлерин сақлап қалады.

Тәбияттан дәстүрий пайдаланыў терең тарийхый тамырға ийе. Ол конкрет этностың қәлиплесиўи менен  биргеликте қәлиплесе баслайды. Бул дәстүрлер ҳәр түрли факторлар тәбийий жағдайдың өзгериўи, халықлардың көшиўи, ҳәм жаңа технологияның тез пәт пенен ендирилиўи менен өзгериске ушраўы мүмкин. Келешектеги тәбияттан рационально пайдаланыў ушын экономикалық-социал критерияға сүйенеди. Өзлериниң жәмийет структураларын жетистириў, жасаў жағдайларының келешеги технологияның раўажланыўы ҳәм ҳәр қыйлы ислеп шығарыўдың революциялары менен байланыстырады. Тәбияттан дәстүрий пайдаланыўды әйийемги-ески (архаичный) нәрсе деп түсиниледи.

Ҳәзирги ўақытта илим-ҳәм техниканың раўажланыўы, халықтың тез пәт пенен өсиўи, жүз берип атырған экологиялық жағдайлар, өткен дәўирдеги тәбияттан пайдаланыўдың жетискенликлерин үйрениўге, ҳәр қыйлы миллетлердиң тәбияттан пайдаланыў дәстүрлерин үйрениўге үлкен кеўил бөлинбекте. Себеби белгили бир тәбийий жағдайда қәлиплескен ислеп шығарыўда ҳәр бир халықтың дәстүрлеринде тәбийий орталыққа тәсир жасаўшы басым шеги болады.

Тәбият инсан ҳәм хожалық арасындағы байланысларды тереңнен үйрениў инсанның тәбияттқа тәсир характерин ҳәм дәрежесин баҳалаўға мүмкиншилик береди.

Қублыслардың раўажланыў процессинде тәбияттан дәстүрий пайдаланыў диахроникалық усыл рамкасында анализ қылынады. Бул усылды қолланыў ҳәзирги заман тәбияттан пайдаланыў незизин ашып көрсетеди, яғный тәбияттан пайдаланыўдың циклллары ҳәм ҳәр қыйлы дәуирлери олардың раўажланыўы ҳәм өзгериўин ҳәм ҳаўа-райын береди. Бул усылда басլы методикалық принцип қублыслардың раўажланыў этапында жуўмақларды салыстырыў зәрүрлигин тәмийинлейди. Анық этникалық тәбияттан пайдаланыўда диахроникалық усылға (подход) сүйениледи. Диахроникалық усылда этнослардың тәбияттан пайдаланыўын үйрениўде «тәбият-хожалық-халық» үшлигиндеги байланысларды есапқа алыў, тәбияттан дәстүрий пайдаланыўдың мүмкиншиликлерин анықлайды.

Бул байланысларды Арал бойы халықларының тәбияттан пайдаланыў мысалында келтиремиз. Буның ушын тәбияттан пайдаланыўдың баслы айырмашылықларын ашып көрсетиў, буның ушын сондай дәўирди таңлаўымыз керек, тәбияттан пайдаланыўда белгили дәрежеде өзгерис болмаўы ҳәм сол тарийхый кесим дереглер менен толық тәмийинленген болыўы керек. Егер әдебиятларды анализ ететуғын болсақ Арал бойы халықларының тәбияттан дәстүрий пайдаланыўында ХХ әсирге шекем социал-сиясий өзгерислер жүз бермеди ҳәмде Х1Х әсирдиң ақыры ХХ әсир аралығында бул территорияларда комплексли экспедициялар шөлкемлестирилип ҳәм исенимли илимий тийкарда исленген статистикалық мағлыўматлар пайда бола баслады. Бул дереглердиң барлығы сол дәўирдеги тәбияттан дәстүрий пайдаланыўды үйрениўге толық мүмкиншилик туўдырды. (статистикалық мағлыўматларды көрсетиў) Арал бойы тәбиятты ҳәм тәбияттан пайдаланыў арасындағы байланыслардың айырмашылықларын орнатыў ушын, дәслеп көрсетилген дәўирдеги тәбийий жағдай компонентлер бойынша үйренилип шығылады.

Бул тәбиятты комплекс үйрениў кейин ала халықлардың жасаў орнынын таңлаўдағы айырмашылық ҳәм себеблерин анықлаўға жәрдем береди. Ҳәмме ўақытта халықлар мәлим бир ландшафтда қәлиплеседи ҳәм сол ландшафт сол этнослардың жерине -ўатанына айланады. Олар қандайда тәбийий ҳәм социаллық себеблер менен миграция болған жағдайда да сол өзлериниң қәлиплескен ландшафтына ухсас ландшафтларын излеп жайласады. Буған мысал етип қарақалпақ этносын алсақ болады. Р. Баллиеваның малыяматларына қарағанда қарақалпақлардың жасаў орынлары Дәрья алабы ҳәм дельтасында ҳәм теңиз бойы районында болып өзиниң жасаў тарийында бир

қанша рет миграция болып, ҳәмме ўақытта дәрья алабы ҳәм дельта ландшафтларын таңлаған.

Бул деген сөз инсан менен тәбият арасындағы байланыс, тәбияттан пайдаланыў арқалы хожалық типлери қәлиплесип барады. Соның ушында бундай дельта ландшафтында комплекс хожалық қәлиплескен. Р.Баллиева бул оалық типлерин төмендегише классификациялайды.

1. Суўғармалы дийқаншылық байлап бағылатуғын шарўашылық. (Орошаемые земледелия с стойловыми животноводством)
2. Өристеги шарўашылық лиманл-қайырлы дийқаншылық.
3. Көшпели шарўашылық.
4. Балықшылық кәсипшилиги. (Промысловое рыболовство.)

Әлбетте бул хожалық типлер дельта ландшафтына тән болып, бул хожалық типлер комплексликти пайда етип, қарақалпақлар дийханшылық-шарўашылық-балықшылық пенен шуғылланған. Бул хожалық типлериниң шегерасы тәбиийий районлар ҳәм халықлардың жайласыў шегерасы менен бир-бирине туўры келеди.

Ондай болатуғын болса халықлардың жайласыўы тәбиийий жағдайға байланыслы болған бул өз гезегинде дәстүрий хожалық типлериниң сақланып қалыўына қолайлы жағдай туўғызған.

***Тәбияттан дәстүрий пайдаланыў–тәбият пенен қарым-қатнас тәжрийбеси нәтийжесинде барлық мәдений тийкарлар қәлиплеседи.***

Инсан тәбият пенен тек физикалық, материаллық жақтан ғана емес ал эмоциаллық, қарым-қатнаслардың гармониялық усыллары салт-дәстүрлер менен де байланыслы болады. Бирдей хожалық типлери ҳәр қыйлы этносда ҳәр қыйлы айырмашылыққа ийе болыўы мүмкин, ҳәм соған муўапық

***Этнос жасайтуғын тәбият айрықшалықларын сәўлелендиретуғын***

***Соц-мәдений айырмашылықлары қәлиплеседи.***

Тәбияттан дәстүрий пайдаланыў өзине бир қанша комплекс мәдениятты өзине бириктиреди - жерден, суўдан, үй жай типлери, кийим ҳәм семьядағы турмыс тәризиниң дүзилиси, байрамлар ҳәм дәстүрлер.

Мәденият пенен тәбияттан пайдаланыўдың байланысларын аша отырып, тәбияттың материаллық мәдениятқа тәсир етиў формаларын таба отырып, Арал бойында жасаўшы ҳәр бир этностың қоршалған орталық пенен байланысын билип барыўымызда әҳмийетке ийе.Буны Арал бойында ҳәр қыйлы этнослардың азық-аўқатларын,

кийимлерин, жасаў үйлерин анализ ете отырып тәбияттан дәстүрий пайдаланыў менен байланысы екенлигине итибар қаратамыз.

Жоқарыда айтылып өтилгендей регионда комплекс хожалық, дийқаншылық-шарўашылық-балықшылық пенен шуғылланған. Демек азық аўқат–бул дийқан-шарўа-балық азық-аўқаты. Соның ушын бул жерде жасаўшы қарақалпақлардың азық аўқаты-бул дән, гөш-сүт, балық затлары, өзбеклердиң дән, гөш-сүт, миййе, қазахлардың гөш-сүт дән азық-аўқат затлары. Хожалық типлери кийимлерге үлкен тәсирин жасаған.

Мысалыға қазахлардың кийимлери шарўашылық пенен өзбеклердиң кийимлери көпшилиги дийқаншылық пенен байланыслы болған. Тәбиййй-хожалық жағдайлары ҳәр бир этностың турақлы ҳәм туракл‌ы емес үй жайларға ийе болыўына себеп болған. Бул суўретте көрсетилген. Әлбетте үй-жайлар курылыс материаллары, планировкасы ҳәм техникалық жақтан қурылысы бир-биринен ажралған.

Егерде тәбиййй орталық хожалық типлерин қәлиплесиўине тәсирин жасаса, бул өз гезегинде семья структурасын ҳәм жәмийеттиң социалық структурасын анықлаған.

Қарақалпақ, өзбек ҳәм қазахлардың руўларға бөлиниўиниң сақланып қалыўда, көплеген социаллық қатламлар, жерден, ҳәм суўдан пайдаланыўдың көплеген белгилери менен байланыслы. Әсиресе семьяны шөлкемлестириўде ҳәм руўларға бөлиниўинде тәбияттан пайдаланыўдың айрықшалықлары менен байланыслы.

Мс: Қазах-шарўалардың кеңислик-ўақыт избе-излигин шөлкемлестириў жайлаўлардан пайдалныўды аңсатластырған, ҳәр бир руў кең жайылған шөл кеңислигинде тәбияттан пайдаланыў схемасында өз орнын билген. Руўлардың бундай шөлкемлесиўи усы турмыс жағдайына жақсы қойылған.

Арал бойында жылда каналлар ҳәм арықлар салмалар тазаланады, бул тәбияттан пайдаланыўда келисилген мийнет тәртиби ишси күшиниң концентрациясы суўғарылатуғын системаны тәртипке салыўға жүдә керек еди. Сондай етип тәбияттан дәстүрий пайдаланыў үйрениў ҳәзирги ўақытта итибарды қараттпақта. Себеби планетамыздың экологиялық жағдайы, планетамызда турақлы раўажланыўды тәмийинлеў машқалары, дәстүрий экологиялық тәжрийбеге ҳәм конкрет этносоциаллық-тәбиййй хожалық системасында қәлиплескен ҳәр бир халықтың мәдениятына дыққат аўдарыўға шақырады.

## II. 2. Тәбияттан пайдаланыўдың географиялық тийкарлары

Тәбияттан, тәбийий ресурслардан туўры пайдаланыў, тәбиятты адамзат мәпин гөзлеп өзгертиў тәбияттың тийкарғы географиялық нызамлықларына тийкарланып әмелге асырылыўы керек.

Кери ҳалда күтилген нәтийжеге ерисиў мүмкин емес. Тәбияттан пайдаланыўда мудамы дыққат итибарда тутылыўы керек болған тийкарғы нызамлықлар төмендегилерден ибарат.

**Жер Ландшафты қабығының бир пүтинлиги -** Жердиң ландшафт қабығы да, ҳәр бир ландшафтта тәбият компонентлери-рельеф, таў жыныслары, топырақ, климат, жер үсти ҳәм жер асты суўлары, ҳайўанат ҳәмде өсимлик дүньясы, ҳәм олардың элементлеринен турады.

Тәбият компонентлериниң ҳәр бири өзине тән нызамлықлар тийкарында қәлиплесеи ҳәм раўажланады. Бирақ ҳеш бир компонент басқа компонентлерден айырылған жағдайда раўажланбайды. Олар мудамы бир-бириниң тәсиринде болады ҳәм олардың арасында зат ҳәм энергия алмасып турады.Сонлықтан ландшафт қабығы ҳәм ҳәр бир ландшафт тәбийий компонентлердиң әпиўайы жыйындысынан ибарат болмай, олардың өз-ара тығыз байланысқан бир пүтинлигинен ибарат. Ландшафттың барлық компонентлери теңликти сондай тәбийий комплекс пайда етеди, онда жаңа сыпат жүзеге келеди.

Ландшафт қабығы ҳәм ландшафтлардың бир пүтинлиги тәбият компонентлериниң сондай нәзик теңсизлигинен ибарат, географиялық комплекслердеги бир бөлиминиң өзгериўи, пүтин комплекстиң өзгериўине алып келеди.

Ландшафт қабығы яки айырым ландшафтлардың, сонлықтан, географиялық комплекслердиң өзгериў көлеми (масштабы) айырым тәбият компонентлериниң өзгериў көлемине байланыслы. Түрли компонентлердиң раўажланыў тезлиги ҳәр түрли болады. Ең тез өзгеретуғын компонент ҳайўанат дүньясы. Оннан кейин өсимлик, топырақ, суўлар, климат айырмашылықлары, рельеф, таў жыныслары турады.

Тәбиятқа адамзат тәрепинен берилген биринши (түртки) тәбийий комплексде бир қатар өзгерислерге, базыда адамның тиккелей көрсеткен тәсирине қарағанда жүдә үлкен нәтийжелерге алып келиўи мүмкин.

Тәбияттағы себеп ҳәм ақыбет байланыслары әпиўайы байланыс болмай, жүдә қурамалы байланыс.

Әне усы жүдә қурамалы байланысты билип алғандағы адамзаттың хожалықтағы активлиги тәсириниң географиялық комплекс компонентлери ортасындағы теңлик қандай бағытта өзгерттирилиўи ҳаққында пикир жүргизиў мүмкин.

Д. Л. Армандтың пикири тили менен айтқанда тәбияттағы нәзик себеп-ақыбет байланысларын билмеген адамның тәбияттан пайдаланыўға урыныўы, ҳәррелердиң өзине өрмешектиң топарына урыўына уқсайды деген еди.

**Ландшафт компонентлерииң өз-ара зат ҳәм энергия алмасыўы арқалы байланысқанлығы-** Ландшафт компонентлери ортасында зат ҳәмде энергия тоқтаўсыз алмасып турады. Бундай зат ҳәм энергияның алмасыўы әпиўайы болмай, бул процесс даўамында зат ҳәм энергияда сыпат өзгериўиде жүз береди. Қуяштан келетуғын нур энергиясы басқа көринислерине-ыссылық, механикалық, биохимиялық энергияға айланады.

Ландшафт қабығының ҳәм ҳәр бир ландшафттың, сонлықтан географиялық системаның барлығы да оларда зат ҳәм энергия алмасыў процесслериниң комплексинен ибарат.

Ландшафтлар компонтлери ортасында зат ҳәм энергия алмасыўы ҳәмде олардың өзгериўи өзине тән өзгешеликлерине ийе. Ландшафатларда да тап тири организмлердегидей зат ҳәм энергия алмасыўын қайта өзгерип турады.

Мәселен, хлорофиль молекулалары жәрдеминде жүз беретуғын фотосинтез процесс нәтийжесинде организмде қуяштың нур энергиясы менен жансыз тәбият затларынан органикалық затлар жүзеге келеди. Олар өмир ушын зат ҳәм энергетика базасын жүзеге келтиреди.

Тәбиятта айланба ҳәрекет шынжырының бир жеринде үзилис жүз беретуғын болса, онда зат алмасыўы бузылады. Базы зыянкеслери жоқ етиў ушын ислетилетуғын зәҳәрли химикатлар пайдалы бактерияларды жоқ етип жибериўи мүмкин. Бунда ландшафаттағы зат алмасыўда мәлим бир ўақыт үзилисте болады хәм кери әқибетке алып келеди.

Адамзат өзиниң хожалықтағы активлиги менен тәбияттағы зат ҳәм энергия алмасыў процессине тәсир етеди. Адамзаттың хожалықтағы искерлиги тәсиринде жер бетиндеги тоғайлардың 40 процентten зыят бөлими жоқ етилди. Суўғарылатуғын жерлерге кететуғын суўдың 60 процентке жақыны дәрья ҳәм көллерге қайтып түспейди.

Атмосферадан санаат талаплары ушын ҳәр жылы 10 млрд т. кислород алынады. Ол атмосфераға қайтып кемейди ҳ. т. б.

Зоналлық, азоналлық (регионллық) нызамлықлар - Ландшафт қабығының дүзилиси оның энергия дерегине байланыслы. Жер шарға уқсаған түрде болғанлығынан қуяштан келетуғын радиация муғдары жердиң экватордан космосларға қарап нызамлы түрде айзайып барады. Бул алдын ала жер бетиниң ыссылық режиминде, сондай-ақ, ҳаўа массаларының температурасы ҳәмде тығызлығында көринеди, ҳаўа циркуляциясына тәсир көрсетеди.

Бирақта қуяштан келетуғын ыссылықтың жер бетинде бөлистирилиўи географиялық кеңликлерге толық туўра түсе бермейди. Буған себеп, жердиң өз көшери дөгерегинде, қуяш дөгерегинде айланыўы ҳәмде пүтин айланыў дәўиринде жердиң айланыў көшериниң эклиитика тегислигине қарағанда $66^0$ $31^1$ $22^{11}$ мүйеш пайда етип түседи, турыўында. Жердиң айланыўы ҳәм ыссылықтың тегис емес бөлистирилиўи нәтийжесинде тропосферада ҳаўа ағымының зонал системасы жүзеге келеди. Бул болса, жер бетиниң радиация ҳәм ыссылық баланысын бираз өзгертип жибереди. Нәтийжеде, қуяштан түсетуғын ең көп радиация экваторға емес, бәлким $20\text{-}30^0$ кеңликлер аралығына туўра келеди.

Жердиң өз көшери дөгерегинде айланыўы ҳәм эклиитика бойлап қуяш дөгерегиндеги ҳәрекети нәтийжесинде Қуяш радиациясы жыл бойына бир түр муғдарда түспейди. Буның нәтийжесинде ыссылық ҳәм радиация зоналары жыл даўамында мәўсимли түрде жылжып турады. Бул да ландшафт қабығындағы зоналықты қыйынластырып жибереди.

Зоналлық жердиң ландшафт қабығының барлық компонентлеринде муайян дәрежеде өз көринисин тапқан.

Лекин усы зоналлық Қуяш радиациясының кеңликлерге қарап бөлистирилиўиниң тиккелей болыўында емес. Зоналық ландшафттың ҳәр түрли компонентлеринде, ҳәр түрли тәбийий географиялық процесслеринде түрлише көринеди. Мәселен, зоналардың өзгериўи менен ҳаўа температурасы ҳәм жаўын муғдары бир түрде өзгермейди. Зоналлық ландшафттың барлық компонентлери ҳәмде тәбийий процесслер ушын тән болған улыўма географиялық нызамлық. Зоналар ўақыт ҳәм мәканда өзгерип турады. Олардың өзгериўи космик ҳәм планетар себеплер тәсиринде климаттың өзгериўи ақыбетинде жүз береди. Лекин ландшафт компонентлери климаттың өзгериўинен ҳәр түрли тәсирленеди. Ең тез өзгериўшең ландшафт компонентлеринен өсимлик ҳәм ҳайўанат дүньясы, оннан соң жер үсти ҳәм жер асты суўлары режими. Рельеф пенен таў жыныслары ең әстен өзгеретуғын компонентлер болып есапланады. Соның ушында антропоген тәсир

нәтийжесинде тез өзгериўшеңликке берилетуғын қатламы өсимлик ҳәм топрақ капламы болып есапланады.

**Инсан хәмме ўақыт ландшафт қабығындағы қублыслардың дәўирлик қәсийетлерин үйренип келген ҳәмде бул нызамлылықты өзлериниң турмыс ҳәм хожалық искерлигинде есапқа алып барған.**

Ландшафт қабығындағы ҳәм ҳәр бир географиялық комплекслердеги тәбийий процесслер дәўрийлик өзгешеликке ийе. Дәўрийлик дегенде бир бағытта раўажланып атырған тәбийий ҳәдийселер комплексиниң ўақты даўамында тәкирарланып турыўы түсиниледи.

Тәбияттан пайдаланыўда, әсиресе аўыл хожалығы жумысларын дурыс әмелге асырыўда, қурылыс жумысларында тәбияттағы процесслердиң бул өзгешеликлерин мудамы нәзерде тутыў зәрүр. Себеби тәбият ҳәдийселерин қысқа ўақыт даўамында үйрениўден алынған  мағлыўматлар тәбиятта жүз беретуғын процесслерди толық көрсетпейди. Тәбиятта дәўрийликтиң еки түрли формасы бар. Ритмикалық, цикллик, әдетте, дәўрийлик дегенде бир ўақыттың өзинде такрарланып туратуғын даўрий процесслер түсиниледи. Мәселен, жердиң өз көшери дөгерегинде ҳәмде қуяш әтирапында айланыўы ҳәм бунның ақибетинде жүз беретуғын процесслер. Қайталанып турыў ўақты бир түр болмаған процесслер цикллик делинеди. Мәселен, қуяштың активлигиниң өзгериў цикли орта есап пенен 11 жыл 1,5 ай даўамында қайталанып турады. Негизинде қуяштың активлигиниң ең күшейген еки ўақыт арасындағы дәўир 9 жылдан 14 жылға шекем даўам етеди. Циклликте тәбийий  процесслердиң ҳәр бир толық тәкрарланыў дәўири бир түрде даўам етпейди.

Адамзат өз өмири даўамында тәбиятта бар болған ритмлик айырмашылығы нызамлығына әмел етиўи керек. Себеби тәбийий процесслердеги ритмлик дәрьялардың суў режиминде, егинлердиң өнимдарлығына, термик ресурслар көлеминде, айырым жәнликлердиң  кескин көбейиўи яки кемейиўинде, базы бир кеселликлер эпидемиясында яки олардың азайып кетиўинде ҳәм т. б. ларда көриниўи мүмкин.

Географиялық комплекслердиң айырым компонентлери  сыртқы ритмик процесслер тәсирине түрли дәрежеде бериледи. Буларды алдынан билиў хожалық көз-қарасынан да, илимий жақтанда жүдә әҳмийетли.

Ландшафт қабығындағы дәўрийликлерди такрарланыў ўақтына қарап 4 үлкен топарға бөлиў мүмкин.

1. Суткалық ритмик (ритмиклик), ол жердиң өз көшери дөгерегинде суткалық айланыўы нәтийжесинде түн менен күнниң алмасыўында жүзеге келеди. Таўлы үлкелерде есетуғын таў-алап самалы сутка даўамында өз бағыттың еки рет өзгертиреди.

Алапларда қурылатуғын санаат кәрханаларының айланысының ҳаўасына тәсирин азайтыў ушын таў алап самалының бундай есиўин есапқа алыў зәрүр. Уныраў процесслериндеде, топырақ пайда болыўында да суткалық ритмик баҳланады.

2. Мәўсим (фасл) ли ритмика жердиң Қуяш әтирапындағы жыллық айланыўын ҳәм бул айланыў ўақтында жер көшериниң эклиптика тегислигине қарағанда 66,5 аўысқанлығының өзгермеўи нәтийжесинде мәўсимлердиң дәўирий аўмасып туратуғын ландшафт қабығындағы мәўсимли ритмика жүзеге келеди.

Мәўсимли ритмика жер бети тәбиятындағы барлық ҳәдийселерде көрсетиледи. Лекин базыбир ҳәдийселерде кескинирек болады. Басқаларында әззирек болады. Мәўсимли өзгерислерге байланыслы жоқтай көринген айырым тәбийий ҳәдийселерде мәўсимли ритмиканы бақлаў мүмкин. Мәселен, күшли жер силкиниўлер көбинесе гүз ҳәм бәҳәр айларында жүз береди.

Адамзат өзиниң хожалықтағы мәўсимли ритмик өзгермелерин нәзерде тутыўы керек. Мәўсимли өзгерислерди фенологлар үйренип келген. Лекин олар тийкарынан органикалық дүньядағы өзгерислерди бақлап барған. Дурсындада мәўсимли ритмик өзгерислер, жоқарыдағы мысаллардан көринип турыпты, тәбияттың барлық компонентлеринде жүз береди.

3. Әсирли (аср ишинде) ритмика. Бундай ритмик процесслерден 11 жыллық, 30-35 жыллық, 90-110 жыллық циклда тәкрарланып турыўшы климат өзгерислерин көрсетиў мүмкин.

11-жыллық дәўрийлик көллерде ылайдың топланыўында, тереклердиң жыллық ҳалқаларында, шегирткелердиң көбейиўинде айырым кеселликлер эпидемиясында анықланған.

2. Әсирлер (көп әсирли) ҳәм геологиялық ритмлер. Әсирлер ритмлерден 1800-1900 жыл даўам ететуғын климатлық ритм бираз жақсы үйренилген.

Тәбийий географиялық процесслердеги дәўрийлик, ол қанша ўақытты өз ишине алғанлығына қарамай, жабық системаны пайда етпейди. Себеби ландшафт қабығы тоқтаўсыз раўажланыўды даўам етеди.

Сонлықтан ландшафттың жағдайы қәлеген бир ритмликтиң басланыўында қандай болса, ритм таўсылып басланып атырғанда алдындағыдай жағдай болмайды.

## III- БАБ. ТӘБИЯТТАН ПАЙДАЛАНЫЎДЫҢ ӘҚИБЕТЛЕРИ

### III. 1. Инсанның тәбияттан пайдаланыўы ҳәм олар арасындағы байланыслардың географиялық әқибетлери

Кейинги жылларда илим ҳәм техниканың тез пәт пенен раўажланыўында инсанның материаллық ҳәм мәдений талаплары барысында кемшиликлер сезилип қалды. Нәтийжеде инсанды техноген факторлары тәбийий орталыққа оның компонентлери ҳәм тәбийий ресурсларына ҳәдден тысқары зыянын тийгиздире баслады. Тынымсыз раўажланыў әқибетинде инсан менен тәбийий орталық арасында еки тәреплеме байланыслар бузыла баслады. Буның нәтийжесинде жер бетиниң патасланбаған территориясы, суўы, ҳаўасы қалмады. Түрли газ сыяқлы, қатты, суйық зәҳәрли элементлер менен биосфера патасланды. Бул жағдай жер шарындағы бар тири организмлердиң өсиўи, көбейиўи ҳәм раўажланыўына қәўип салды. Себеби түрли зәҳәрли затлар ҳаўа, суў, топрақ, өсимлик, ҳайўанлардан инсанға өтеди, яғный инсанның тәбиятдан пайдаланыўы нәтийжесинде байланыс бузыла баслайды.

Атмосфера ҳаўасының зәҳәрлениўи нәтийжесинде ҳаўадағы концероген полициклик углеводлардан бенза пирен, флопоран, трен сыяқлылар рак ҳәм нерв кеселликлерин келип шығыўын тезлестиреди. Арал бойы халқының ишинде терлетпе менен кеселленген ети есеге, Сары аўрыў менен кеселлениў жети есеге, ҳәр жылы 15 % жақын генетик майып балалар туўылады. (Яковлев 1990)

Планетамызда жасаўшы халықлардың арасында болып туратуғын урысларда инсан ҳәм тәбият арасындағы байланысларды шийнелистиреди. Дүнья халқының тарийхында 20000 артық қырғынлы урыслар болып тәбиятқа үлкен зыянынын тийгиздириў менен инсанның тәбиятқа жаўызларша қатнасын келтирип шығарған.

1961-1975 жылларда Ҳиндистан-Қытай ярым атаўында жайласқан Вьетнам, Лаос, Кампучада алып барылған урысы тәбиятды, оны сол регионадағы экосистемаға бомбаларға түрли зәҳәрли затлардың қосылыўы нәтийжесинде «күйдирилген жер» тактикасы тийкарында топланған бомба ҳәм ракеталардың муғдары Япония, Хиросима ҳәм Нагасакиға тасланған бомбаларың 450 ниң эквиваленти болған. Бул атаўда 6-9 м шуқырлықдағы 30 млн. воронка шуқырлықлары сақланылып қалған. Вьетнамда Америка әскерлери тиришиликти зәҳәрлеўши «Эйжейт оранж» 22 млн. литр көлемдеги суйықлығын тоғайлардың үстине себеди. Соның себебинен үлкен тоғайзарлықлар ҳәм аўыл хожалығы набыт болды.

Америкалықлар буннан басқа ҳәр күни 40 га. тоғайдағы жерлерди тамыры менен қопарған. Түслик-шығысда америкалықлар тәбийий орталықты басқарыўдың басқа

жолы йод, гүмис, қорғасын ҳәм тағы басқа затлары араласпаларын ҳаўаға сеўип булытларды пайда етип  күшли жаўынларды пайда еткен. Бул операцияны «Голубой Нил» деп атаған. Тынымсыз күшли жаўынлар, суў тасқынлары, халықтың турар үйлерин суў басыўы, жер, қар көшиўлериниң, теңиз толқынларының келип шығыўының себебшиси болды.  Бундай мысалларды көплеп келтирип өтиўге болады. Инсанның бул унамсыз ҳәрекетлери тек ғана экосистемаға тәсир етип қалмай инсаният жәмийетининг тәбият арасындағы байланыслардың бузылыўы нәтийжесинде бир қанша географиялық машқалалар келип шығады. Солардан бири қоршалған орталықтың патасланыўы нәтийжесинде келип шығатуғын экономикалық зәрерлер инсанның  жасаў орталығының патасланыўынан келип шығады.

Жер бетиндеги тәбияттағы ҳаўа, суў топрақтың патасланыў дәрежеси инсанға келтирген зыянды пул менен есабын қылыў мүмкин емес.

Совет дәўиринде аўыл хожалығын химияластырыў дәўиринде Өзбекстанның пахта далаларында ең қымбатлы зыянлы химиялық хлороорганик ҳәм фосфорорганик пестици ҳәм гербицидлар миллион тонналап алынған. Айрым жүдә күшли пестицидлердиң тоннасы 3 млн. рубль болып, ондан ҳәр жылы 80000 тонна ислетилген. Бир жылға

(80000х3млн=240млрд. рубль) кеткен Республикаға жыллық (1,7 млрд.) ажратылған қаржыдан 10-15 артық болып қалған. Бул зәҳәрли затлар пахта далаларына 11гр. ислетиўдиң орнына 54,5 кг. дан ислетилген. Пахта далалары 15-25 см қалыңлықда зәрерли пестицидлерге тойынған. Бул зәрерли қымбат баҳа гербицидлер ҳәзиргеше 9000 т. муғдары Өзбекстан далаларында жатыр. Егер 9000 тонна 83 млн. етип есапланса 27млрд. қурайды. (А.Э.Эргашев, 2009) Бул зәҳәрли бирикпелерди дийқанларымыздың қолынан келмейди. Буның ушын топрақты жуўыў ушын көп суўлар, тәбиийй биологиялық тазаланыў ушын бир қанша жыллар керек.

Г. И. Глазий мағлыўматы бойынша, 1965-жылларда Байкал көли анына қурылған целлюлоза –қағаз комбинаты 20-22 жыл даўамында 1,5 млрд. м$^3$ санаат шығындысын ҳәм 15000 дм$^3$ патас суўларды көлге таслаған. Қағаз комбинатының бир жыллық ислеп шығарған өними 112 млн. рубль болса, Байкал көлине ҳәр күни жеткизетуғын зәрер 50 млн. рубльди қураған. (Г.И.Глазий 1989). Буның нәтийжесинде көлдеги гидроэкосистемаға зыянын тийгиздирип, көлдиң биоценозларының  тәркиби, муғдары, массасы өзгерген. Инсанның бундай тәбиятға көрсетип атырған экономикалық зәрериниң есап санағын есаплап шығыў мүмкин емес, бирақта бул тәбияттың көрген зәрери жәмийеттиң ҳәр бир инсанның көретуғын зәрери болып есапланады.

Инсан искерлигиниң тәбиятға көрсеткен тәсири ең әйийемги дәўирден ақ жүз берип экологик жағдайға тәсирин көрсетип келген. Ол аўшылық етип тәбияттағы анзатлары өлтирип, қанша-қанша түрлерин жоқ етиўге себеп болды, от-жемди, тоғайлары күйдирди, дийханшылық ушын тоғайлары кесип, отлақ жерлерди бузып жер ашты. Жерлерди тегислеп, аўыллар ҳәм қалалар, олар ҳәм каналлар қурды.

Егер әййемги заманларда жерден жоқары зүрәәт алыў ушын инсанлар тез-тез егин майданларыны өзгертиў менен бирге тәбийий орталыққа тәсир еткен болса, техника әсири кирип келиўи себепли тәбийий экосистемаларға аўыл-хожалығы ҳәм санаат тәсири күшейеди, тәбият берген инамларынын эксплутация қылыў кең көлем жайды. Ҳәзир дүнья жүзи бойынша ҳәр күни тәбийий орталықтан 110-130 гектар жер тартып алынып, ол жерлерге жоллар, санаат объектлери, аўыллар ҳәм қалалар қурылып атыр. Санаат объектлерин ислеўи ушын тәбийий шийки-затлар, суў, ҳаўа керек. Олардың шығындылары атмосфераға шығарып, суў ҳәм топрақты зыянламақта. Орталықтың зыянланыўынан өсимлик, ҳайўанлар жоқ етилмекте. Сондай етип, биологик системалар инсанның хожалық ҳәрекети ушын қурбан болмақта. Санаат раўажланған жерлерде жүдә аз муғдарда өсимлик ҳәм ҳайўанлар ғана масласқан.

Жоқарыда айтып өтилгендей инсанлар жер ҳәм оның байлықларынан пайдаланыў нешше мың-мың жыллар алдын басланған. Бул мүнәсәбеттиң дәслепки қәдемлеринде инсан үлкен ланшафтлар-экосистемаларға тәсири менен аңшылық қылған, тухым, мийўе терип күн көрген. Инсан дийханшылыққа өтиўи менен ол өзин азық-аўқат өнимлеринин көбейтип барған. Халықтың саны артып барыўы менен үлкен егин жерлери, аўыл ҳәм қалалар ушын жерлер керек болған. 16-әсирде тереклер күйдирилиб, көмир алынған, көмир энергиясы жәрдеминде темир еритилген, шийше ыдыслар исленип басланған. Таў қазылмалары иске түседи. Буннан шама менен 150-жыллар алдын раўажланған мәмлекетлер санаат ҳәм аўыл-хожалығында түрли машиналар қолланыўы инсан хожалық искерлигин түптен өзгертип жиберди. Аўыл-хожалығында монокультура ҳүкиремлик етиў менен бирге жаңа жерлерди өзлестириў, химиялық зәҳәрли төгинлер пайдаланыўда күшейип барады.

Инсан хожалық искерлиги даўамында өсимлик ҳәм ҳайўанлар әлемине туўрыдан-туўры тәсир жасайды. Олардың жасаў жағдайлары бузылып, набыт қылынған, буның нәтийжесинде пайдалы түрлери кемейип, зәреркүненделер, паразитлер яки жыртқыш түрлери көбейген. Көбинесе өсимликлер қапламы деградация болған ерлер көп ўақыт даўамында тасланып қойылғанлығы себепли, ондай майданлар әстенлик пенен өзиниң тәбийий экологик қәсийетлерин тиклеп тәбийий экосистемалар майданының артыўына

алып келген. Тәбиийий жер фондлары инсанлар тәрепинен тийкарынан, аўыл ҳәм тоғай хожалығы ҳәмде санаат ислеп шығарыўы, қурылысларда пайдаланылған. Әсиресе, түрли кәрханалардың қалың жайласыўы себепли өсимликлер қатламы бузылады, жер асты суў ағымын пайдасыз ағыўы артады, топрақта ығаллық топланбайтуғын болады. Бунның нәтийжесинде суў режими, жер асты сыззат суўлары қәдди, өзгерип барады.

Санаат, коммунал-хожалық ҳәм аўыл-хожалығынан шыққан химиялық патасланған суўлар, ашық суў ҳәўизлерге (дәрья, көл, суў қудықлары) түсип, таза ишимлик муғдары кемейеди, минерал ҳәм органик қәсийетлер муғдары артады. Зыянлы организимлер кемейеди, жасалма биологик тазаланыў қәбилети жоқ болады. Пайдалы өсимликлер ҳәм ҳайўанлар түрлери жоқ болады ҳ. т. б. Кейинги ўақытларда санаат шығындылары (радиоактив, химиялық зыянлы, қазылма шийки зат қалдықлары, шлак, темир-терсек, шийше) ҳ.т.б. жер жүзин қаплап бармақта. Олар атмосфераны (атмосфера, топрақ ҳәм жер үсти, жер асты суўларын) патасламақта.

Шөл, дала экосистемалары ҳәм инсан хызметинен шетте қалғаны жоқ. Мысалы, Қызылқумда алып барылған қыдырыў ислери, оның бәрин илме-тесик қылып жиберди, жер бети болса түрли машиналар изинен каўын постлағы түрлериндей торлап кетти.

Таў, таў жанбаўырларында тоғай тереклериниң аяўсыз кесилиўи, ҳаўа райының ҳәм топрақ капламының өзгериўине (суўдың ағып кетиўи, намликди кем топланыўы, өсимликлер қатламы сийреклениўи, оларға бейимлескен ҳайўанлар ҳәм қусларды бул жерлерден кетип қалыўына) себеп болмақта.

Таў жанбаўырларында путалар, тереклердиң жоқ болыўына түрли саяхатшы ҳәм дем алыўшыларда зыянын тийгиздиреди. Эволюцион раўажланыўда ҳайўан ҳәм өсимликлер бирге жасаўға бейимлескен. Экологик шәрият қолай болған жерде өзлери нәсил қалдырады ҳәм соның нәтийжесинде тәбиийий экосистемалар сақланып қалады. Жасаў орнының бузылыўы, экосистеманың бузылыўына, оны өсимлик ҳәм ҳайўанлардың өзгериўине алып келеди.

Жоқарыда келтирилген мағлыўматлар өсимлик ҳәм ҳайўанлар санының кемейиўи, қоршалған-орталығының патасланыўы, зыянланыўы-жәми инсанлардың ертеңги күнде келешек аўладтың экологик таза табияттан пайдаланыўға зыянын тийгиздиреди.

Дүньяның ҳәмме мәмлекетлеринде тәбиятты, суўы, топрағы, ҳаўасы, өсимлик ҳәм ҳайўанларды қорғаў бойынша нызам ҳәм қағыйдалары бар. Өзбекстан Республикасы (1992 жылы) “Тәбиятты қорғаў ” нызамын қабыл етти. Бул қыйын, заманагөй ҳәм ең зәрүр ҳүжжет ўатанымыз тәбиятын сақлаўда, оны байытыўда үлкен роль ойнайды.

Ҳәзирги ўақытта дүньяның түрли мәмлекетлеринде ботаника бағларында өсимликлер әлеминиң бир қанша түрлери өседи. Мысалы, Түслик Африканың Претория ботаника бағында жер флорасының 25 % өседи. Калифорния Ранчо Санто-Ана ботаника бағына 1500 өсимлик түрлери, Ташкенттиң ЎзР ФА қасындағы Ботаника бағында есе 2000 ден артық дүнья флориясы ўәкиллери (от өсимликлер, путалар, тереклер) раўаланады. Дүнья ботаника бағларына 40 мыңға жақын өсимлик түрлери (яки дүнья флорасының 15-16 % ти) өсириледи, сақланады.

Ҳәзирги күнде дүньяның бир қанша мәмлекетлеринде өсимликлер фондын асыраў бойынша миллий сақлаў орынларына тийкар салынған. Бундай орынлар Швецария, АҚШ, Россия ҳәм басқа мәмлекетлерде бар. Россияның Краснодар үлкесине Н. И. Вавилов атындағы миллий тухым сақлаў банки жайласқан, оны температурасы ($24^0$С) бөлиминде 400000 дан артық өсимликлер улгилери сақланады. Бундай тухым банклери дүнья бойынша 40 дан артық болып, олар өсимликлердиң генетик фондын сақлайды. Стокгольм қаласында жайласқан өсимликлер генефонд банкиде аўыл-хожалық өсимликлерин 1 млн. дан артық түрлери сақланады. Өсимликлер тухымын сақлаў банклери дүньядағы өсимликлер әлеми ўәкиллерин сақлап қалыўдың бирден-бир жолы болып есапланады.

Ҳәзирги күнде организмлерди клетка ҳәм тоқымаларын жүдә төмен жыллылықта узақ сақлаў методлары ислеп шығарылған, бул өсимликлер генофондын сақлаў шегарасын кеңейтиреди.

20-әсирге шекем бир неше он өсимлик түрлери мәденийлестирилген еди. Ҳәзирги күнде олардың саны 500 ден артып кетти. Олардан түрли дәрилер алыў ушын 50 ден артық түр арнаўлы хожалықларда өсириледи. 160 дан артық түрлери болса Өзбекстан, Болгария, Россия сыяқлы мәмлекетлер тәбият мақсетлери ушын көбейтиреди. Өсимликлерден парфюмерия, азық-аўқат ҳәм техника бағдарларында кеңнен пайдаланылады.

Ҳәзирги ўақытта кем ушрайтуғын ҳайўанлар түрлерин сақлап қалыў ушын, оларды көбейтиретуғын арнаўлы орайлар, питомниклер қурылған. Мысалы, көплеп жасалма балық питомниклеринде жетилистиретуғын майда балықлар тәбийий суў ҳәўизлерине қуйып жибериледи. Ҳәзирги күнде экологик инженерия методы кең қолланылып, соның менен реакклиматизация ҳәм акклимтизация жолын әмелге асырып, антропоген тәсирине ушраған кем ҳайўанлар түрлерин, сол себептен гепард, мадагаскар лемур ай-ай, ақләйлек, Түслик Африка кондора сыяқлыларын сақлаў, бир орыннан екинши қәўипсизлирек жайға көшириў жоллары менен оларды қорғаў режелестирилген.

Жоқарыда келтирип өтилген жоллар менен өсимлик ҳайўанлар фондын сақлаў, көбейтириў арқалы тәбиятты, оны ҳәр түрли байлықларды қорғаў мәлим мақсетлерге мөлшеленген.

Инсанның тәбиятқа болған мүнәсәбети барған сайын жақсы тәрепке өзгерип бармақда. Буған тәсир қылыўшы себеплерден дүньяның дийерли ҳәмме мәмлекетлеринде жәмийетлик шөлкемлер, экологик ассоциациялар, экологик фондлар, "жасыллар" ҳәрекетлери тәбиятты қорғаў бойынша кең көлемде жумыс алып бармақта.

Мысалы, Россияда 45 млн. жақын халық тәбиятты қорғаўға актив қатнасқан. Европа мәмлекетлерин 80 % ге жақын халық бул жумысда өзлерин көрсетпекте.

Бундай жумыслар Ўзбекистан Республикасы " Тәбиятты қорғаў комитети" «Экологик ҳәрекет» сыяқлы шөлкемлер тәрепинен алып барылмақта. Таў жынысларының орнынын өзгериўи ҳәзирги ўақытта антропоген факторлар нәтийжесинде жуз берип оның географиялық әқибетлери кеңейип бармақда.

Инсан искерлигиниң активлиги нәтийжесинде жер қабығы (литосфера)ның жыныслары, таў-кән ислеп шығарыўда, инженерлик қурылыс жумысларында, қалаларды жаратыў нәтийжесинде, бир жерден екинши жерге көп көшириледи, базыбир жерлерде көп муғдарда топланып қалады яки алып кетиледи.Жер қабығындағы жыныслардың бир жерден екинши жерге көп муғдарда алып тасланыўы гравитацион тең салмақлылықтың бузылыўына алып келеди. Таў жынысларының бир жерден екинши жерге алып тасланыўы антропоген рельефти жүзеге келтиреди.

Антропоген рельеф микрорельефти, базыда мезорельефти өзгерттиреди. Себеби, көмир қазып шығарылатуғын жерлерде шығынды жыныслар кәнлер (терриконлар) ниң бәлентлиги 300 м ге шекем жетеди. Карьерлердиң тереңлиги 580 м ге жетеди. Бундай рельеф түрлери географиялық комплекстеги тәбият компонентлериниң тең салмақлылығын өзгерттирип, тәбийий географиялық процесслердиң өзгериўине себепши болады. Әсиресе гравитацион процесслер күшейеди. Қала қурылысы да жер қабығының тең салмақлылығын өзгерттиреди. Үлкен жайлардың аўырлығы нәтийжесинде жердиң бети шөгеди.

Үлкен суў сақлағышлардың пайда етилиўиде сол дөгеректеги жерлердиң микроклиматын пайда етеди, жер асты суўының режимин өзгертеди. Гравитацион тең салмақлылықты өзгертип, суў сақлағыштағы суўдың аўырлығы және сол қатламлардағы басымның тең салмақлылығын өзгертип, жер қозғалыўға тәсир көрсетеди. Адамзаттың кән қазыў активлиги ақыбетинде жер бети рельефиниң өзгериўи (тегис емес болыўы) топырақ эрозиясын, сүрилмелерди қулаўларды күшейтип жибермекде, соның менен

бирге жер асты суўлары, әсиресе, жер үсти суўларының режими өзгереди. Жер асты суўының қәддиниң өзгериўи, өсимлик қатламына, ағын суўдың режимине, топырақтағы процесслерге тәсир етеди.

Кәнлерден шығарып таслаған керексиз жынислар тез унырайды ҳәм олардың әркибинде ҳәр қыйлы зыянлы зәҳәрли элементлер болып, самал ушырып, суў ағызып, дөгерекке тарқатады. Адамзат хожалық активлилигиниң топыраққа тәсири жәнеде күшлирек болып, кеңлеў майданға тарқалады. Әлбетте жерди сүриў, топыраққа ислеў бериў ҳәр түрли төгинлер төгиў, егинлердиң ҳасылдарлығын асырады.

Ҳәзирги ўақытта пүтин қурақлық майданының 10 процентен көбрек бөлими сүрилген. Буның нәтийжесинде тәбийий өсимлик қатламы жоқ етилип, тәбияттағы зат ҳәм энергия, биологиялық айланысларға тәсирин жасаған.Соның менен бирге өсимлик қатламының жоқ етилиўи суў ҳәм самал эрозиясын күшейиўине тәсир жасайды. Сонлықтан да дүньядағы сүрилетуғын жерлердиң 40-45 % ҳәр түрли дәрежеде жуўылған.

**Инсанның хожалық искерлигиниң тәсиринде тәбийий орталықдың суў режиминиң өзгериўи** -Инсаният жәмийети жүдә әййемги дәўирлерден баслап суў режимине, суўдың айланба ҳәрекетине тәсир етип келген.

Адамзат тәбийий орталықтағы суў режимине ҳәм оның айланба ҳәрекетине еки түрли жол менен, яғный, тиккелей ҳәм жанапай тәсир етиўи мүмкин.

Тиккелей тәсирлерге суў қурылысларын қурыў жолы менен суў режимин өзгертиў, ағымды қайта бөлистириў, аўыл хожалығы, санаат ҳәм коммунал хызметлер ушын суўдың ислетилиўи киреди.

Жанапай тәсирде ағын суўлар пайда болатуғын аймақларда өзгерислер ислеп, суўдың режими өзгертиледи. Мәселен, дәрьялардың суў жыйналатуғын бассейнлери өсимлик қатламын, топырақтық жағдайын, рельефти өзгертиўи менен ағымның режимине тәсир етиўи мүмкин.

Орта Азия регионында суў қурылыслары, суўдың ағымын тәртипке салыў ҳәм басқарыў масетинде алып барылған. Буның нәтийжесинде үлкен жумыслар әмелге асырылып Әмиўдәрья менен Сырдәрьяның бойларында 80 нен аслам суў сақлағышлар қурылып, бул дәрьялардың суўлары басқарылып барылды.

Суў сақлағышлар көллер ушын тән болған тәбийий нызамлықлар менен раўажланады. Суў сақлағышта ҳәмде оның дөгерегинде гидрогеологиялық, гидрохимиялық, гидробиологиялық процесслер өзгереди. Суў сақлағыштың түбинде шөгинди жынислар топланады. Суў сақлағышқа қуйылатуғын дәрьялардың эрозия

базислери өзгереди. Үлкен суў сақлағышлар дөгерегиндеги жерлерге, ландшафтларға тәсир етеди. Әсресе жер асты суўының режими бузылып, ой жерлерди грунт суўлары басады. Топырақ батпақланады, жергиликли климат өзгереди, ҳаўа температурасындағы парқ кемейеди, салыстырма ығаллық артады. Жергиликли бриз самаллары есе баслайды.

Дәрья суўының суў сақлағышларда топланып, суўғарыўға көплеп, сарпланыўы олардың төменги бөлиминде ҳәм олардың қуйылатуғын суў бассайинлеринде үлкен өзгерислерге алып келеди.

Ҳәзирги ўақытта  Орта Азиядағы дәрья суўының 90 процентке жақыны халық хожалығы талаплары ушын ислетилип атыр.

Буның әқибетинде 60-жыллардан баслап Арал теңизиниң қәддиниң өзгериўине ҳәмде Әмиўдәрья дельтасы ландшафтында үлкен тәбийий өзгерислерге алып келди. Гидроэкосистеманың өзгериси нәтийжесинде барлық тәбийий қомпонентлерде комплекс турде өзгерислер жуз берди.Ораникалық дүнья адамзаттың хожалық активлиги тәсирине әсиресе күшли берилетуғын ҳәм көп өзгеретуғын тәбийий компонент есапланады. Биологиялық тең салмақлылықтың  бузылыўы айырым түрлердиң күтилмегенде келип қалып, ландшафтта жақсы орналасып алыўы, айырым түрлерин инсан тәрепинен ҳәр түрли махсетлерде алып келип көбейтилиўи, организмлердиң жасаў шараятының өзгерттирилиўи, биологиялық ресурслардан ақылға муўапық пайдаланбаслығынан келип шығады.

Биоценозда жүз беретуғын ҳәр қандай өзгерис  организмлер ортасындағы байланысты ғана өзгертип қоймай, ландшафттың органикалық болмаған компонентлери ортасындағы өз-ара байланысларда да көринеди. Өсимлик қатламының өзгериўи географиялық системадағы, ландшафтағы геохимиялық процесслердиң өзгериўине, ландшафтағы геохимиялық айланба ҳәрекетке, соннан, углерод, кислород, азот, фосфор, ҳәм басқалардың айланба ҳәрекетине тәсир етип, оны өзгертеди.

Географиялық әқибетлердиң көлемине қарап тоғайлардың кесип алыныўы, географияның ландшафтларының турақлы дүньясы, топрақлары, жер асты ҳәм ағын суўлар) ын анық тең салмақта услап турыўшы фактор.

Соның ушында тоғайлардың жоқ етилиўи ландшафтта ҳәр түрли екилемши процесслердиң жүзеге келиўине себеп болады. Топырақтағы элементлердиң айланба ҳәрекетинде тең салмақлық өзгерип, азот, кальций, фосфордың муғдары азаяды.

Егин егилетуғын жерлерде өним менен бирге топырақтан миллионлап тонна ҳәр түрли пайдалы элементлер шығып кетеди.

Дювиньо ҳәм Танг мағлыўматына қарағанда бийдай егилген ҳәр гектар жерден ғәлле менен бирге 70кг. азот , 30кг. фосфор, 160кг. калий, 76кг. кальций шығып кетеди. Тәбийий биоценозлар топырақтағы элементлердиң муғдарын бир түрде сақлап турады. Буның үстине тәбийий биоценозларды услап турыў ушын қаржы ҳәм күш жумсалмайды.

Биологиялық тең салмақтың өзгериўинде, оның қурамында фосфор-органикалық ҳәм хлор-органикалық зәҳәрли бирикпелер болған пестицидлердиң пайдаланылыўы үлкен роль ойнайды.

Пестицидлер зәрер куненделер менен бирге олардың кушандалари болған пайдалы қурт-қумырсқа, топырақ бактерияларын да қырылып кетеди. Күшли зәҳәрли химиялық әлементлер пайдаланған жерден жүдә алысларға тарқалып, планетамыз көлеминдеги биологиялық зат алмасыўында қатнасады.

Планетамызағы тоғайлардың 40 проценти жоқ етилди. Сонлықтан атмосферадағы карбонат  ангидрит, кислород муғдары бираз болсада өзгерди. Ҳәзирги ўақытта атмосфераға өндирис ислеп шығарыўдан карбонат ангидридиниң көплеп шығарылыўы, геокомплекслердиң өзгерисине алып келмекде. Ландшафттың биологиялық компоненти тиклениўши компонент есапланады. Лекин экологиялық шәраят өзгертилип жиберсе, генофонтда жоқ етилсе, биологиялық компонент ҳеш қашан тикленбейди.

Ыссылық балансының өзгериўи-Инсанияттың хожалық искерлигиниң активлилиги тәсиринде тиккелей ҳәм жанапай тәсири нәтийжесинде жер бети ҳәмде атмосфераның ыссылық балансы өзгереди.

Адамзаттың жер  бетиниң ыссылық балансын өзгертиўши тәсирин үш топарға бөлиў мүмкин.

1 Ислеп шығарылған ыссылық энергиясының атмосфераға өтиўи. Ислеп шығарыўда пайда етилген барлық  энергия ыссылық энергиясына айналады.

2. Жер бети жағдайының өзгертилиўи нәтийжесинде ыссылық баланысының өзгериўи. Адам өзиниң искерлиги менен өсимлик қатламларын өзгерттиреди, батпақлықларды қурғатады, шөллерди өзлестирип суў шығарады, суў сақлағышлар қурады, дәрьялардың ағымын тәртипке салады, жайлар қурады, ислеп шығарыўдан шыққан шаң, қумлар қар ҳәм муз қапламларын қаплайды, океанлардың  кемелер көп қатнайтуғын бөлимилеринде, шельфден нефть қазып алынатуғын жерлеринде суў бетин нефть, май пердеси қаплайды, ҳ.т.б. Булардың барлығы сол жерлердиң радиация ҳәм ыссылық басланысына тәсирин жасайды. Себеби ҳәр түрли орталықтың алведосы ҳәр түрли болады. Жер бети жағдайының өзгертилиўи нәтийжесинде ыссылық баланысының

өзгериўи ең киши географиялық комплекслерде (орын, урочище, ҳәтте ландшафтларда) уз береди. Шөл жерлер суўғарылып, алапларға айландырылғанда ҳәм эффектив нур тарқатыў кемейеди, ыссылық артады. Түнги ҳәм күндизги температура парқы 10-12$^0$ кемейеди.

3. Ислеп шығарыўдан атмосфераға аэрозоллардың шығарылыўы ҳаўада бултлардың көбейиўине ҳәм ҳаўадан қуяш радиациясының қайтыўының күшейиўине жәрдем берди. Соның менен бултлар узын толқынлы, (ыссылық) нурларының жутылыўын күшейтип, ҳаўаның ысыўына алып келеди.

Базы қалаларда ҳаўаға шығарылып жиберилетуғын ыссылық бул жерге қуяштан келетуғын ыссылықтан артып кетеди. Буның үстине асфальтланған жерлер, жайлар жүдә көп ыссылықты топлайды. Қалалардағы қорлар бетиниң пастасланыўы нәтийжесинде олардың альбедосы еки есе азаяды.

Ҳаўада шаң ҳәм корбанат ангидриди көп болғанлығынан узын толқынлы эффектив нурланыў азаяды. Булардың барлығы қалаларда, тийкарынан үлкен қалаларда ҳаўа температурасының дөгерегиндеги жерлерге қарағанда жоқары болыўына алып келеди. Қалаларды қурыўда планластырғанда сол жердиң геологиялық, тектоникалық, гидрогеологиялық, рельеф дүзилисиниң өзгешеликлери менен бирге климат өзгешеликлеринде есапқа алыў керек.

Адамлардың хожалық активлиги тәсиринде географиялық системалардың өзгериўи-инсанлардың хожалық искерлигиниң активлиги географиялық комплекслерге ҳәр түрли тәсир көрсетип, оларда ҳәр түрли өзгерислерге себепши болады. Жер бетинде адамлардың хожалықтағы активлиги азба-көппе тәсир етпеген географиялық комплекс жоқ деп айтыў мүмкин.

Лекин адамзат тәбийий комплекске қанша тәсир етпесин, бәрибир бул комплекс тәбияттың бир бөлими болып қала береди ҳәм объектив тәбийий нызамлықлар тийкарында раўажланыўын даўам етеди.

Адамзат хожалық искерлигиниң активлиги тәсиринде өзгерген географиялық комплекслерде (ландшафтларда) әдетте екилемши компонентлерде өзгерислер көбирек болады.

Бунда өсимлик қатламы, ҳайўант дүньясы пүтинлей алмастырылыў, топырақ мәдений топыраққа айланыўы мүмкин.

Географиялық комплекслерге (ландшафтларға) адамзат тәрепинен киргизилген элементлер, қайсы топарға ылайық екенлигинен қарамасдан, олар тәбияттың өз-ара

байланыслар системасында қатнасады. Соның менен бирге олар, тәбийий элементлерге уқсап, тәбийий процесслер тәсиринде болады.

Адамзаттың хожалықтағы активлиги ландшафттың сыртқы факторларға (атмосфераның қурамы, қуяш радиациясы, эффектив нур тарқалыўына) мәлим дәрежеде тәсир көрсетседе, лекин оны ҳәзирге шекем көп өзгерте алмайды. Өзгерттиргенде де ол адамзат ушын қәўипли болар еди. Сонлықтан оны өзгертиўге емес, бәлким тәбийий жайдайын сақлаўға, патасландырмаўға ҳәрекет етиў керек. Лекин буннан тәбийий ландшафтлар қандай болса, оны өзгертпестен пайдаланыў керек, деген жуўмақ келип шықпайды. Адамзат хожалық ушын қолайсыз болған ландшафт компонентлериниң элементлерин өзгертип, оған таза элементлер киргизип, оннан ақылға муўапық пайдаланыў керек.

Географиялық комплекслердиң екилемши компонентлерине киргизилген ҳәр қандай элемент, жоқарыда айтқанымыздай, турақлы болады.

Географиялық комплекслерден рационал пайдаланыў ушын, оған киргизилген таза элементлердиң салыстырғанда турақлы болыўы ушын географиялық комплекслерге олардың бирлемши компонентлери арқалы тәсир көрсетиў керек.

Бирлемши компонентлер өзгергенде бурынғы жағдайына қайтпайды ҳәм географиялық комплекслердеги олар арқалы жүз беретуғын өзгерислерде турақлы болып, өз ҳалына қайтпайды.

## III. 2. Арал бойы экологиялық машқаларды шешиўде тәбият ҳәм жәмийет арасындағы байланысларды үйрениў

Бул мәселелерди үйрениўден алдын Арал бойы дағдарысы ҳәм оннан келип шыққан машқалалар, оның себеплери, ақыбетлери ҳаққында тоқтап өтейик. Арал дағдарысының келип шығыўының бирден-бир себеби Орта Азия республикаларының хожалық алып барыў ислерин планластырғанда дәстүрий жерден пайдаланыўдың тәжрийбелери есапқа алынбады. Арал дағдарысы мәселелерине арналған дереклерди (публикация) анализ еткенимизде, жүз берген қубылыслардың сағасы тәрептен басланады. Нешше мың жыллар даўамында сынақдан өткен хожалық алып барыў искерлигин есапқа алмай, хожалықты бир тәреплеме қәнигелестириў болып атыр. Егер дүнья практикасына итибар беретуғын болсақ, жергиликли халықлардың тәбияттан пайдаланыў ҳәм хожалық алып барыў дәстүрлери, тәбияттан пайдаланыўды шөлкемлестиргенде ҳәм пайда болған машқалаларды шешиўде тереңнен үйрениледи. Әлбетте Арал дағдарысын келип шығыўында көплеген факторлар тәсир жасаған. Бул

пүткил орта Азия майданларында жаңа суўғарыў ислериниң индустриал методларын ендириў, төмен аўыл-хожалық технология тийкарында суўғарып егилетуғын майданлардың тез пәт пенен өсиўи нәтийжесинде топырақлардың сыпатының төменлеўи, тексериўсиз жағдайы ҳәр қыйлы зыянлы минерал төгинлерден пайдаланыў болып есапланады. Усы факторлардың барлық жыйындысы тәбиятты ҳәм жәмийетти Арал дағдарысына алып келеди.

XX-әсирдиң басына шекем Орта Азия территориясында тәбияттан пайдаланыў ҳәм хожалық алып барыў процесслери неше мың жыллар даўамында қәлиплескен ҳәр бир хожалығы өзине тән дәстүрий усыллары менен жүргизилип келинген. Усы әсирдиң басында болып өткен үлкен сиясий ўақыя үлке халықларының турмысында хожалық ислеринде ҳәм тәбияттан пайдаланыўда үлкен өзгерислерге алып келди. Қарақалпақстан Республикасында хожалықта ҳәм тәбияттан пайдаланыўда болған өзгерислери этаплар бойынша көрмекши болсақ тәбият ҳәм жәмийет арасындағы байланыслардың өзгериўлери айқын көринеди. Арал бойы халықларының неше әсирден бери қәлиплескен тәбияттан пайдаланыўдың өзгериўине ислеп шығарыўдың ҳәм жеке меншиктен жәмийетлик меншик формасына өтилиўи болып есапланады. Кейинги жүз жыл ишинде тәбияттан пайдаланыўдың өзгерислерин бир неше этапларға бөлинеди.

Аўыл хожалығын қәнигелестириўдиң биринши этапы 1930- жыллардан басланды. Бул этапта аўыл-хожалығы пахташылыққа ҳәм қара-көл қойшылыққа қәнигелескен. Тез пәт пенен пахташылық майданы өсип барады. Дәнге деген талап шеттен келтирилген шийки-зат арқалы қандырылады. 191-жыллары пахта егилетуғын жерлер 11,8 мың га болса, 1940-жыллары 60,9 мың га, 1950-жыллары 83,6 мың га яғный 7есе өсти. Бул жыллар дәнли егинлер 78,9 мыңнан 30,9 мың га. Екинши этабында 50-жыллары сүт-гөш шарўашылығына қәнигелести. 1950-60-жыллары ири шошқа қара мал 93 мың көбейди, гөш-жүн ойлары 119 мың басқа көбейди.

Қәнигелесиўдиң үшинши этабы 60-жыллардан басланып совет мәмлекети тарқалыўына шекемги дәўирди өз ишине алады. Бул этапта суўғарып егилиў жер майданы жәнеде көбейип салыгершиликке үлкен итибар бериледи. Енди қәнигелескен егинлерге қысқаша тоқтап өтейик. Пахташылықтың Қарақалпақстан аймағында қашаннан баслап егиле баслағанлығы ўақтында жеткиликли мағлыўмат жоқ. Тарийхый мағлыўматларға қарағанда пахташылық қарақалпақлардың хожалығында XIX-әсирден баслап пайда бола баслаған.

Қәнигеликтиң биринши этабында әпиўайы мийнет қураллары механизациясын (шығар) насос станцияларына кеткен тракторға, төгинлер, химиялық төгинлер менен

алмасып, 60-жыллары пахташылық жаңа сортлары елдирилиўи нәтийжесинде оның өнимдарлығы тез пәт өсти. Биракда арқа районларда өнимдарлық көрсеткишлери түслик районларға қарағанда төмен болды. Бундай айырмашылықты еки себеп пенен түсиндирсек болады.

1. Топырақ климат айырмашылықлары.

2. Хожалық алып барыўдың дәстүрлериниң бузылыўы.

Салыстырып атырған еки район тәбийий жағдайы (ресурслар, вегетация дәўириниң узынлығы, сүрип егилетуғын жерлердиң ресурслары ҳәм экономикасы) менен бир-биринен парқ етеди. Түслик район арқа районға қарағанда тәбийий жағдайының қолайлығы менен, яғный қолайлы топырақ-климат жағдайы менен ажыралады. Бул жерде суўықсыз күнлер жаўын-шашын муғдары көбирек. Эффектив температуралар жыйындысы $4276^0$ С республикасында егилетуғын барлық егинлерди жетистириўге мүмкиншилик туўдырады, сонын менен суўғарып егилетуғын жерлер суў менен жақсы тәмийнленген.

Арқа зонада эффектив температуралардың жыйындысы $3800^0$ С. Соның ушын түслик районларға қарағанда арқа районда жоқары өнимли пахта жетистириў қыйынырақ. Соның менен бирге түслик районның ҳәммеси неше әсирлерден берли пахта жетистириў, топланған тәжрийбелери әўладтан әўладқа өтип келген.

Қәнигеликтиң үшинши этабында салыгершиликтиң тез пәт пенен раўажланыўы 1913-жылы 4,1 мың га жерге салы егилген болса 1970-жылға келип оның майданы 90 мың га жетти. Салыгершиликтеде үлкен өзгерис болып оның өнимдарлығы көтерилип барды, бирақ буған кететуғын қаржы өсип барды. Илгерилери салы батбақлы топырағы ығаллы жерлерге егилетуғын еди. Кейинги ўақытлары бир тегис ҳәмме жерге егилетуғын болды. Салы бул жүдә ығаллықта сүйетуғын егин, суў тек ғана егин ушын емес, бул жерде топырақ жуўыў ушында жүдә зәрүр. Соның ушын суў муғдары көп талап етиледи. Коллектор дрежаги системаларының талапқа муўапық шешиўи, суў жетиспеўшилиги топырақлардың тузланыўы себеп болды ҳәм Арал бойы территорияларының тәбийғый жағдайының бузылыўына алып келеди.

Жоқарыда аты аталған егинлер барлық дәнли егинлер ҳәм жоңышқаны сығып шығарды. Мысалы` бул егинлер Шурахан районда (бул түслик район) 62 % болса, Шымбай районда бул егинлер 73 % әсиресе бул районда гүзлик бийдай көп егилди. Бул дийханшылық, суўды, ўақытты, жерди үнемлеўге үлкен тәсирин көрсетти. Жоңышқа жетистириў төменги Әмиўдәрья районында 25 мың жылдан берли белгили жоңышқа мелиорациясын жақсылады. Жоңышқа тухымы болса товарлық әҳмийетке ийе. Ең бир

әҳмийетли санаат объектлеринен жоңышқа тухымын қайта ислейтуғын заводтың қурылыйы болып есапланады. Бул жоңышқа заводы сол ўақытта СССР дағы бирден бир завод еди. Қарақалпақстан болса тийкарғы жоңышқа жеткеретуғын орай болып қалды ҳәм дүньяға жоңышқа тухымларын жеткерип турды.

1935-жылы завод 1343,4 центр тухым берсе 1936-жылы 5640,2ц жоңышқа тухымы шығарылып 3,46 млн. рубль пайда келтирди. Өзиниң өнимдарлығы, аўырыўға-шыдамлылығы, тойымлылығы, суўыққа шыдамлылығы менен экономикалық пайдалығы менен Шымбай жоңышқасы дүньяда биринши орында турды. Буннан басқа айтылған егинлерден басқа бул жерде бағшылық ҳәм жүзимгершилик жақсы раўажланды. Хожалықтың қәнигелесиўине ҳәм тәбийий шәраяттың өзгериўине байланыслы бул тараўда төменлеўге ушырады. Бирақта еледе түслик районларда бул тараў жақсы сақланып қалынған. Шарўашылықтыў раўажланыўын көрип шығатуғын болсақ, биринши этапта қәнигелесиўдиң қара-көлшиликлиги раўажландырыў мәселелери қойылды. Қәнигелесиўдиң екинши этабында гөш-сүт шараўашылығын раўажландырыў болып оның динамикасы төмендеги таблицада көрсетилген.

Ўлыўма ири шақлы қара маллар 4 есеге, қарақум қойлары 12 есеге қой ҳәм ешкилер 1,6 есеге кемейди. 1913 -жылы Амударья бөлиминиң халқы 185 мыңды қураған болса 1992-жылы 1,311 мың адамды қурады. Ҳәр адам жан басына туўры келетуғын маллардың саны азайып барды. 50 ҳәм 60-жыллары қабыл етилген Орта Азия ҳәм Қазақстанда суўғарып егилетуғын жерлердиң көбейиўи менен оған кететуғын суў муғдарыда көбейип барды. Буннан басқа егин ушын жарамсыз дузлы өнимдарсыз жерлерде егисликке пайдаланып кетти. Н.М.Решетникованың айтыўына қарағанда 1960-жыллары исленген 40 куб.км 5млн. га жеткен болар еди. Бул суўғарып егиў ушын оптимал көрсеткиш еди. Кейинги 2 млн. га жер ушын үш есе суў көп кетти. Суўғарып егилетуғын жерлердиң көбейиўи менен оған кететуғын суў муғдарыда көбейди нәтийжеде Арал теңизине келип қуўатуғын суў муғдары улыўма қысқарды ҳәм теўиздиң қәдди тез пәт пенен түсе баслады, теңиз суўының минерализациясы артты. Теңиз балықшылық қәсийетин жойтты. Пахта жетистириў көп муғдардағы төгинлер ҳәм қосымша жерлер нәтийжесинде планларын орынлап барды. Минерал төгинлер муғдардан көп пайдаланып жер бетиндеги пайдалы микроорганизмлер жоқ болып кетти, буннан басқа ҳәр қыйлы бир түрдеги егин алмаслап егилместен егиле берди.

Әлбетте бул қәнигелесиў этаплары жүдә үлкен орайласқан мәмлекетлик программалар менен капитал ажыратыўлар менен алып барылды. Хожалық жүдә қуўатлы электротехникалық үскенелер менен тәмийнленди, аўыл-хожалығындағы химияластырыў

өсти. Соны есапқа алыўымыз керек, жоқарыда айтылған факторлардан басқа аўыл-хожалық ислеп шығарыўдың интенфикациясы артты, соның менен бирге илимий-техникалық тәжрибелер жаңа тәреплерин көрсетти. Биракта Қарақалпақстан аўыр системалы дағдарыста қалды. Бул қәнигелердиң қойылған қәтеликлеринен бири-бул жергиликли халықлардың баҳасыз жерден ,суўдан пайдаланыў тәжрийбелери есапқа алынады. Неше мың жыллар даўамында топлаған халық далалығы есапқа алынғанда ҳәм ол илимий техникалық жаңалықлары менен раўажландырып барғанда көплеген унамсыз қәтеликлерге жол қойылмаған болар еди. Илим ҳәм техниканың жетисkенликлери адамның қатнассыз пайдаланады. Буның нәтийжесинде адам менен тәбият арасындағы байланыс бузылды. Қәлеген дүньяның хожалығында болған өзгермелер жаңадан киритилген технологиялар сол жергиликли халықлардың тәжрибелерин- есапқа алған жағдайда ғана иске асырылады. Дийхан өзиниң жерден пайдаланыў хүкиминен айырылап ол тек хызметкер болып қалды. Оның пикири оның тәжрийбеси есапқа алынбады. Совет мәмлекети тарқалып кетиўи менен ҳәр бир республика өз ғәрезсизлигине еристи.

Өзбекстан республикасы өз ғәрезсизлигине ерисиўи менен ақ аўыл-хожалығына структурасын өзгерттирип дийхан ҳәм шарўа еркинлиги берилип дийхан жерге ийелик ете баслады. Арал бойы дағдарысын нәтийжесинде келип шыққан машқалалар төмендеги өзгерислерге көринеди. Арал бойы әтирапында жүз берген дағдарыс жоқарыда айтып өтилгендей көплеген факторлар тәсир жасаған булардың суўдан ҳәм жерден экстенсив түрде пайдаланыўы суўғарылып егилетуғын жерлердиң эрригация жумыслары ҳәм төмен технологиялық ислерин төменлигин ядохимикатлар менен патасланыўы нәтийжесинде топырақ ҳәм суўдың сыпатының төменлеўине алып келди. Соның менен бизге дүньядағы қайталанбас үлкен Арал көли (теңизи) жоқ болыў алдында тур.

Арал теңизиниң қәддиниң төменлениўи менен Арал бойы территориясының тәбийий орталығының өзгериўине алып келди яғный геосистемаларда түптен өзгерис басланды. Тәбияттағы тәбийий комплекслердиң өзгерисине ығаллықтың жетиспеўшилигине территорияларын турақлы процессин басланыўына шөлкемлесиўине алып келеди. Түслик Арал бойы геосистемалардың Аридли тенденцияның симитомларынан жер асты суўларының төменлеўи олардың минерализация дәрежесиниң артыўы дузлардың топланыўы, көл ҳәм батпақлықлардың қурыўы ҳәм тоғай комплекслериниң деградациялары киреди. Бул қубылыслардың әлбетте қоршалған орталыққа өз тәсирин көрсетти. Бул өз гезегинде адам жасаў жағдайына ҳәм ден-саўлығына тәсир жасайды. Буның нәтийжесинде аўырыўшылықтың көбейиўине әсиресе хаял-қызлар ҳәм балалалар арасында көбейиўине алып келди.

Жоқарыда айтылған тәбияттан пайдаланыўда болып өткен өзгерислер тәбиятта ҳәм жәмийетте өзиниң тәсирин көрсетти.

## ЖУЎМАҚЛАЎ

Ҳәзирги ўақытда инсан ҳәм тәбият арасындағы байланысларға улкен итибар қаратылмақда. Буның тийкарғы себеби дунья халқын тәбийий ресурлар менен биргеликте таза тәбиятта жасаў талабын қанаатланырыў мәселеси ең бир өткир мәселе болып қалмақда. Буның шешилиў жоллары изленбекде ҳәм ҳәрекетлер исленбекде. Булардан тәбийий ресурларды үнемлеў олардан рационал пайдаланыў жоллары, шығынсыз технологиялардың исленип шығылыўы, жасалма азық аўхатлардың, кийимлердиң исленип шығыўлары ҳәм илим-техниканың тез пәт пенен раўажланыўына қарамай инсанияттың бул талаплары қанатланбай атыр.

Соның менен бирге келешек әўладқа не қалдырып кетемиз деген саўаллар туўылмақда.

Әлбетте бул машқала  комплекс жандасыўды талап етеди. Қандай илажлар исленбесин бир нәрсеге үлкен итибар қаратылыўы керек. Бул инсан ҳәм тәбият арасындағы байланысларға итибарды қаратыў. Себеби адам пайда болғаннан бери ол тәбият пенен тиккелей ҳәм жанапай қатнасда болып, сол табийий орталықтың ажралмас бир компоненти болып, оның эволюцион раўажланыўында  басқа компонентлер менен биргеликте теңдей қатнаспақда. Олар тәбиятдан пайдаланғанда биологик тур есабында қатнасып, оның нызамлықларына бойсынып ҳәрекет жасаған. Кейин ала ис қуралларының раўажланыўы менен тәбияттан пайдаланыў искерлиги қурамаласып барылды. Әлбетте инсаният өзиниң жасаў дәуиринде бирқанша экологиялық дағдырысларды бастан кеширди. Бул дағырыстан шыға алмай қанша цивилизация ошақлары сөнип кетти. Бул қәтешиликлер инсан менен тәбият арасындағы байланысларды кушейтип барды. Инсан экологиялық кризистен шыға алды ҳәм инсан тәбияттан пайдаланыўда жаңа өзгерислер киритип барды.

Инсан ҳәм тәбият арасындағы байланыслардың қәлиплесиўи оның тәбияттан пайдаланыў даўамында кеңейип ҳәм беккемленип барды.Буны биз магистр жумысымның

биринши бабында инсан ҳәм тәбият арасындағы байланыслардың дәўирлер бойынша қәлиплесип барыўын көрип шыққанымызда айқын көринди.

Инсан ҳәмме ўақытта тәбият пенен байланыста болған ҳәм бул байланыс сырлары оны қызықтырып келди. Буны биз ең әййемги дәўирдиң натурфилософлардың мийнетлеринен ҳәзирги ўақыттағы илимпазлардың көз-карасларынан ҳәм пикирлеринен билемиз. Әлбетте бул көз қараслар ҳәмме дәўирлерде бирдей раўажланбады, ҳәттеки тәбият ҳәм жәмийет арасындағы көз-қараслар қараланып, географиялық детерминизмде айыпланылды. Буның орнына географиялық индетерминизм тәрепдарлары қоллап қуўатланылып, тәбиятты жылаўлап алыў ураны менен хожалық ислери планластырылып, дәрьялар жылаўланып, тың жерлер ҳәдден тысқары ашылып кетти., Бул жерде инсан ҳәм тәбият арасындағы байланыслар есапқа алынбаўы нәтийесинде глобал әҳмийетке ийе болған экологиялық машқалалар пайда болыўын Арал бойы регионы мысалында жарытып бере алдық.

Тәбият ҳәм инсан арасындағы байланыслардың қәлиплесиўине инсанның тәбияттан пайдаланыўы ҳәм итибар алыныўы керек болған географиялық тийкарлары көрилиў менен тәбияттан пайдаланыў концепциясының әҳмийети ашып берилди. Соның менен бирге инсанның тәбияттан натуўры пайдаланыўының унамсыз тәреплериниң келип шығыўлары көрсетилип, тәбияттан рационал пайдаланыўда инсан ҳәм тәбият арасындағы байланыслардың әҳмийети ашып берилди.

Келешекте тәбияттан пайдаланыў ҳәм тәбиятты қорғаў мәселеринде жас әўладтты инсан ҳәм тәбият арасындағы байланыслардың географиялық тийкарларын үйрениўди баслаўды мектеп география ҳәм тәбият-таныў пәнлеринде киргизилип барылса, оқыўшылар планетамызда жуз берип атырған экологиялық машқалалардың келип шығыў дереглерин үйренип барған болар еди.

Соның менен бирге инсан ҳәм тәбият арасындағы байланыслардың әҳмийетин ашып бериўши хабарларды ең жайдырыўда студентлердиң активлигин арттырыў, киши проектлерде бул машқаланы үйренип барыўды кеңейтип барыў зәрур болып есапланады.

## O’mir qa’wipsizligi

O’zbekstan Respublikası Joqarı ha’m orta arnawlı bilim minisitrligi, puqaralıq qorg’anıwdın’ baslıg’ı A.Parpievtin’ 28.10.2008 j. №318 sanli buyrıg’ı ha’m universitet İlimiy Ken’esi (12.11.2008 j, №2 is qag’azı) qararı tiykarında tayarlang’an universitet rektoratı buyrıg’ına (13.11.2008 j. №120 D/1, §4) tiykarlanıp «O’mir qa’wipsizligi» pa’nin barlıq ta’lim bag’darları boyınsha talabalarg’a oqıw protsessinde u’yretiw ushın, magistr dissertatsiyasın ha’m bakalavr qa’nigelik pitkeriw jumısın orınlawda pa’nnin’ huqıqıy tiykarları kirgizildi.

“Ja’miyette puxaralardın’ huqıqları ha’m erkinliklerin qorg’aw ta’miyinlengende ol haqıqıy, huqıqıy puxaralıq ja’miyet boladı. Ha’r bir adam o’z huqıqların anıq biliwi olardan paydalana alıwı, o’z huqıqı ha’m erkinliklerin qorg’ay alıwı lazım. Bunın’ ushın da’slep ma’mleketimiz xalqının’ huqıqıy ma’deniyatın asırıw za’ru’r” (Karimov. O’zbekstan XXI a’sirge umtılmaqta, 31-b).

XX a’sirdin’ 60–jıllarınan baslap is ju’rgizip kelgen puxaralıq qorg’anıw sistemasının’ tiykarg’ı wazıypası tınıshlıq da’wirinde ha’m urıs jag’dayında ma’m- leket xalqın jalpı qırg’ın quralları ha’m basqa xu’jim qurallarınan qorg’aw, urıs jag’dayında xalıq xojalıg’ı obektlerinin’ turaqlı islewin ta’miyinlew ha’mde apatshılıq oshaqlarında qutqarıw ha’m tiklew jumısların o’z waqtında na’tiyjeli a’melge asırıwdan ibarat edi.

Biraq xalıq o’mirine tek jalpı qırg’ın quralları emes, ba’lkim basqa qa’wip–qa’terlerde qa’wip salmaqta, olardı na’zerden shette qaldırıw hasla mu’mkin emes. Bular ta’biyiy, texnogen ha’m ekologiyalıq qa’siyetli ayrıqsha jag’daylar bolıp tabıladı.

90–jıllarg’a kelip yadro urısı qa’wipi kemeyip, biologiyalıq qurallardan paydalanıw sheklep qoyıldı, jan’a – zamanago’y qural tu’rleri oylap tabıldı, olar adamlar ushın qa’wipli bolmay, ba’lki ekonomikalıq obektlerdi isten shıg’arıwg’a qaratılg’an edi. Bulardın’ barlıg’ı puqaralıq qorg’anıw sisteması ornında jan’a bir sistema du’ziliw kerekligin da’llilep berdi.

Puqaralıq qorg’anıw ornın iyelewi mu’mkin bolg’an iri ko’lemdegi ayrıqsha jag’daylarg’a a’welden tayarlıqtı ta’miyinlewshi jan’a arnawlı ma’mleket sisteması iyelewi, ol tınıshlıq ha’mde urıs da’wirinde xalıqtı ha’m aymaqlardı ayrıqsha jag’daylardan qorg’awı lazım edi. Bul sistema xalıqtı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw ha’m qutqarıw jumısların o’tkerip qoymay, basqa a’hmiyetli ilajlardı: ta’biyiy apatlardan qa’wipli aymaqlar kartaların du’ziw, seysmikalıq bekkem bina ha’m imaratlardı qurıw, qısqa, orta ha’m uzaq mu’ddetli boljaw jumısların sho’lkemlestiriwi ha’m xalıq tayarlıg’ın a’melge asırıwı lazım edi.

Usı orında ja’ne bir ma’seleni aydınlastırıp alıwg’a tuwra keledi. Ayrıqsha jag’day degen ne, onnan xalıqtı ha’m aymaqlardı qorg’aw degende neni na’zerde tutıwımız kerek?

Ayrıqsha jag’day – adamlar qurban bolıwı, olardın’ den sawlıg’ı yaki qorshag’an ortalıqqa zıyan tiyiwi, materiallıq shıg’ınlar keltirip shıg’ılıwı ha’mde adamlardın’ turmıs sharayatının’ izden shıg’ıwına alıp keliwi mu’mkin bolg’an yaki alıp kelgen avariya, apatshılıq, qa’wipli ta’biyg’ıy ha’diyse yaki basqa ta’biyiy apatshılıq na’tiyjesinde belgili bir aymaqta ju’zege kelgen jag’day.

**Xalıqtı ha’m aymaqlardı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw** – ayrıqsha jag’daylardın’ aldın alıw ha’m olardı saplastırıw ilajları, usılları, qurallar sisteması, ha’reketler birlesigi.

**Ayrıqsha jag’daylardın’ aldın alıw** – aldın ala o’tkerilip, ayrıqsha jag’daylar ju’z beriwi qa’wipin mu’mkinshiligi bolg’ansha kemeytiwge, bunday jag’daylar ju’z bergen ta’g’dirde bolsa adamlar den sawlıg’ın saqlaw, qorshag’an ta’biyiy ortalıqqa tiyetug’ın zıyan ha’m materiallıq shıg’ınlar mug’darın kemeytiwge qaratılg’an ilajlar kompleksi.

**Ayrıqsha jag’daylardı saplastırıw** – ayrıqsha jag’daylar ju’z bergende o’tkerilip, adamlar o’miri ha’m den sawlıg’ın saqlaw, qorshag’an ta’biyiy ortalıqqa tiyetug’ın zıyan ha’m materiallıq shıg’ınlar mug’darın kemeytiwge, sonday – aq ayrıqsha jag’daylar ju’z bergen zonalardı shen’berge alıp, qa’wipli faktorlar ta’sirin toqtatıwg’a qaratılg’an avariya – qutqarıw jumısları ha’m basqa keshiktirip bolmaytug’ın basqa jumıslar kompleksi.

Xalıqtı ha’m aymaqlardı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw tarawında qoyılg’an en’ tiykarg’ı jumıslardın’ biri–da’slep Qorg’anıw ministrligi qasında puqaralıq qorg’anıw ha’m ayrıqsha jag’daylar basqarmasının’, son’ usı basqarma tiykarında **O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ 1996 jıl 4 marttag’ı PF–1378 Buyrıg’ı** menen Ayrıqsha jag’daylar ministrliginin’ du’ziliwi boldı.

Ministrlik is ju’rgize baslag’annan son’ xalıqtı ha’m aymaqlardı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw tarawının’ huqıqıy tiykarın du’ziwshi bir qatar nızam ha’m qararlar qabıl etildi.

***O’zbekstan Respublikası nızamları:***

**Xalıqtı ha’m aymaqlardı ta’biyiy ha’m texnogen qa’siyetli ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw haqqında** (1999 jıl 20 avgust) – 5 bo’lim ha’m 27 statyadan ibarat. Nızam xalıqtı ha’m aymaqlardı ta’biyiy ha’m texnogen qa’siyetli ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw tarawındag’ı sotsial mu’na’sibetlerdi ta’rtipke saladı ha’m ayrıqsha jag’daylar ju’z beriwi ha’m rawajlanıwının’ aldın alıw, ayrıqsha jag’daylar keltiretug’ın shıg’ınlardı azaytıw ha’m ayrıqsha jag’daylardı saplastırıwdı maqset etip qoyadı.

**Puxaralıq qorg’anıw haqqında** (2000 jıl 26 may) – 4 bo’lim ha’m 23 statyadan ibarat. Usı nızam puxaralıq qorg’anıw tarawındag’ı tiykarg’ı wazıypalardı, olardı a’melge asırıwdın’ huqıqıy tiykarların, ma’mleket organlarının’, birlespe ha’m sho’lkemlerdin’ wa’killiklerin,

O’zbekstan Respublikası puxaralarının’ huqıqları ha’m ma’jbu’riyatların, sonday – aq puxaralıq qorg’anıw ku’shleri ha’m qurallarıın belgileydi.

**Adamnın’ immunitet jetispewshiligi virusı menen keselleniwinin’ aldın alıw haqqında** (1999 jıl 19 avgust) – 13 statya. Nızamda AİJS kesellliginin’ aldın alıw tarawındag’ı ma’mleketlik ta’miyinlew, keselliktin’ aldın alıw boyınsha jumıslardı qarjı menen ta’miyinlew, puxaralardın’ ha’m ma’jbu’riyatlarına tiyisli ma’seleler ko’rsetilgen.

**Gidrotexnika inshaatlarının’ qa’wipsizligi haqqında** (1999 jıl 20 avgust) – 15 statya. Usı nazımnın’ maqseti gidrotexnika inshaatların joybarlastırıw, qurıw, paydalanıwg’a tapsırıw, olardan paydalanıw, olardı rekonstruktsiya qılıw, tiklew, konservatsiyalaw ha’m tamamlawda qa’wipsizlikti ta’miyinlew boyınsha iskerligin a’melge asırıwda ju’zege keletug’ın mina’sibetlerdi ta’rtipke salıw bolıp tabıladı.

**Awıl xojalıq o’simliklerin zıyankesler, kesellikler ha’m jabayı ot - sho’plerden qorg’aw haqqında** (2000 jıl 31 avgust) – 28 statya. Usı nazımnın’ maqseti awıl xojalıq o’simliklerin zıyankesler, kesellikler ha’m jabayı ot - sho’plerden qorg’awdı ta’miyinlew, o’simliklerdi qorg’aw qurallarının’ adam den sawlıg’ına, qorshag’an ta’biyiy ortalıqqa zıyanlı ta’sirinin’ aldın alıw menen baylanıslı qatnaslardı ta’rtipke salıwdan ibarat.

**Radiatsiyalıq qa’wipsizlik haqqında** (2000 jıl 31 avgust) – 5 bo’lim ha’m 28 statyadan ibarat. Nızamnın’ maqseti radiatsiyalıq qa’wipsizlikti, puxaralar o’miri, den sawlıg’ı ha’m mal – mu’lki, sonday – aq, qorshag’an ortalıqtı ionlastırıwshı nurlanıwdın’ zıyanlı ta’sirinen qorg’awdı ta’miyinlew menen baylanıslı qatnaslardı ta’rtipke salıwdan ibarat.

**Terrorizmge qarsı gu’res haqqında** (2000 jıl 15 dekabr) – 6 bo’lim ha’m 31 statyadan ibarat. Usı nızamnın’ maqseti terrorizmge qarsı gu’res tarawındag’ı qatnaslardı ta’rtipke salıwdan ibarat. Nızamnın’ tiykarg’ı wazıypaları shaxs, ja’miyet ha’m ma’mlekettin’ suverenitetin ha’m aymaqlıq pu’tinligin qorg’aw puxaralar tınıshlıg’ı ha’m milliy tatıwlıqtı saqlawdan ibarat.

**Qa’wipli islep shıg’arıw obektlerinin’ sanaat qa’wipsizligi haqqında** (2006 jıl 28 sentyabr) – 23 statya. Nızamnın’ maqseti qa’wipli islep shıg’arıw obektlarinin’ sanaat qa’wipsizligi tarawındag’ı qa’tnaslardı ta’rtipke salıwdan ibarat.

***O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ qararı:***

**Tasqınlar, sel ag’ımları, qar ko’shiw ha’m jer ko’shkisi ha’diyseleri menen baylanıslı ayrıqsha jag’daylardın’ aldın alıw ha’m olardın’ aqıbetlerin toqtatıw barısındag’ı – ilajlar haqqında** (2007 jıl 19 fevral, PQ – 585 – sanlı). Tasqınlar, sel ag’ımları, qar ko’shiw ha’m jer ko’shki ha’diyseleri menen baylanıslı jumıslardı o’z waqtında ha’m

na'tiyjeli sho'lkemlestiriw, sonday–aq olardın' aqıbetlerin tezlik penen toqtatıw maqsetinde qabıl etilgen.

*O'zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin' qararları:*

**O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' jumısın sho'lkemlestiriw ma'seleleri haqqında** (1996 jıl 11 aprel, 143 – sanlı). Qararg'a «O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylar haqqında»g'ı Nızam qosımsha etilgen. Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' tiykarg'ı wazıypaları, huqıqları keltirilgen.

**O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylarda olardın' aldın alıw ha'm ha'reket etiw ma'mleketlik sisteması haqqında** (1997 jıl 23 dekabr, 558 - sanlı). Qarar menen O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylarda olardın' aldın alıw ha'm ha'reket etiw ma'mleketlik sisteması (AJMS) haqqındag'ı Nızam ha'm onın' du'zilisi tastıyıqlang'an, ministrlik ha'm idaralardın' xalıq ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw boyınsha funktsiyaları keltirilgen.

**O'zbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jag'daylardan qorg'awg'a tayarlaw ta'rtibi haqqında** (1998 jıl 7 oktyabr 427 – sanlı). Qarar ma'mleket xalqın ha'm aymaqların ta'biyiy ha'm texnogen qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw sistemasın rawajlandırıw maqsetinde qabıl etilgen. Qararg'a qosımsha keltirilgen «Xalıqtı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawında tayarlaw ta'rtibi haqqında»g'ı Nızam O'zbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawında, sonday – aq ayrıqsha jag'daylarda ha'reket etiwge tayarlıqtan o'tip atırg'an xalıq toparların tayarlawdın' tiykarg'ı wazıypaların, tu'rleri ha'm usılların belgileydi.

**Ta'biyiy, texnogen ha'm ekologiyalıq qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardın' sıpatlaması haqqında** (1998 jıl 27 oktyabr, 455 – sanlı). Qarar menen tastıyıqlang'an sıpatlamag'a muwapıq ayrıqsha jag'daylar ju'zege keliw sebeplerine ko're texnogen, ta'biyiy ha'm ekologiyalıq qa'siyetli, usı jag'daylarda zıyan kergen adamlar sanına, materiallıq zıyanlar mug'darına ha'm ko'lemlerine qarap lokal, jergilikli, respublika ha'm transsshegaralı tu'rlerge bo'linedi.

**O'zbekstan Respublikasında adamlar ha'm haywanlardın' qutırıw keselligine qarsı gu'resti ku'sheytiw ilajları haqqında** (1996 jıl 18 yanvar, 32 – sanlı). Adamlar ha'm haywanlardın' qutırıw keselligine qarsı gu'res ilajlarının' na'tiyjeligin asırıw, sonday – aq xalıq jasaw orınlarında iyt, pıshıq ha'm basqa u'y haywanların ta'rtipke salıw maqsetinde qabıl etilgen.

**G’alaba xalıqlıq ilajlardı o’tkeriw qag’ıydaların tastıyıqlaw haqqında** (2003 jıl 13 yanvar, 15 – sanlı). O’zbekstan Respublikası aymag’ında g’alaba xalıqlıq ilajlar o’tkeriliwi waqtında ja’ma’a’t qa’wipsizligin ta’miyinlew ha’m ta’rtibin qorg’aw maqsetinde qabıl etilgen.

**Ayrıqsha jag’daylardı boljaw ha’m aldın alıw Ma’mleket da’stu’rin tastıyıqlaw haqqında** (2007 jıl 3 aprel, 71 – sanlı). Ayrıqsha jag’daylardın’ aldın alıw ha’m aqıbetlerin saplastırıw tarawında alıp barılıp atırg’an jumıslar o’nimliligin asırıw maqsetinde qabıl etilgen.

Joqarıda ko’rsetilgen huqıqıy hu’jjetler tiykarında oqıw protsessinde talabalarg’a “O’mir qa’wipsizligi” pa’ninin’ barlıq bag’darları boyınsha ken’ ma’niste tu’sinikler berildi.

Пайдаланылған әдебиятлар


1. Каримов И.А Ўзбекистон XXI асрга интилмоқда. - Тошкент: “Ўзбекистон”, 1999.
2. Каримов И.А 2012 йил ватанимиз тараққиётини янги босқичга кўтарадиган йил бўлади.” “Ўзбекистон” 2012
3. Каримов И.А Ўзбекистон XXI бўсағасида ҳавфсизликка таҳдид, барқарорлик
4. Баллиева.Р Этнокультурные особенности природопользования народов Приаралья (в конце XIX –начале XXвека) М., 2003
5. Глазовский Н.Ф. Аральский кризис М., 1990
6. Сарыбаев К.С Роль орошения в социально-экономическом развитии Каракалпакстана.Нукус «Каракалпакстан» 1991
7. Симонов.Ю.Г, Баллиева.Р, Биче.М.С. Соотношение традиционного и рационального в природопользование// Сб.научных трудов. Территориальные системы природопользования. Анализ и синтез. М.2001 с42-54.
8. . Система ведения сельского хозяйства в ККАССР. Ташкент.1961,298
9. Социально-экономические проблемы Арала и Приаралья. Ташкент.1990, 189с
10. Статистический ежегодник ТССР (1917-23).Под.ред. Красновского. Ташкент.1924г., т.1-2.
11. Статистический бюллетень. По вопросам охраны природы и рационального использования природных ресурсов Каракалпакской АССР за 1989 г. Нукус,30 с. Стат. сборник социальной статистики. Нукус,1992,81 с.
12. Степанов В.В. Теория этноэкологической экспертизы//Методы этноэкологической экспертизы. М.,1999. С.74-75
13. Хозяйства Каракалпакии в XIX начале XX века. Ташкент.,1972,311 с
14. Цапенко.Н.Г.,Таджимов Т. Каракалпакская АССР. Ташк.1960,72 с.
15. Эгамбердиев Р. Экологические проблемы орошаемого земледелия в низовьях Амударьи. Ташкент.,1990 с.
16. Экологические основы специализации и размещения ведущих отраслей народного хозяйства ККАССР. Ташк.,1969, 253 с.
17. Экологическое преобразование Каракалпакии за годы Советской власти. Нукус,1963.с361
18. Этнография каракалпаков XIX начале XXвв. Ташкент 1980. 203.с.